

# PAMAPIRO

## ENJIVA CHENA SECHANDO



Ngatikotamisei misoro yedu.

Ishe vanodikanwa, tinoKutendai manheru ano nokuda kwevimbiso yokuuya kwaishe Jesu, apo patichasangana mumusangano mukuru uyo usingazoperi, wemifaro nedzimbo, patinenge tichiKurumbidzai nemumazera a—asingagumi ayo ari kuzouya. Tinokumbira maropafadzo eNyu pamusangano manheru ano. Tinokumbira maropafadzo eNyu patabhenakeri ino, pavashandi vayo, vafudzi vayo, vashandi pamwe chete, vabatsiri vemufudzi, nevose.

<sup>2</sup> TinoKukumbirai kuti muropafadze ava, Ishe, vabva mamaera akawanda kuti vazova mumusangano, isai ruwoko rweNyu rwetsitsi pavari pavanenge vodzokera kumisha yavo. Zviitei, Ishe. Dai tikasangana pamwe chete nguva dzimwe dzakawanda munzvimbo ino inonzi imba yaMwari, kuzonamata. Ropafadzai avo vari kuteerera kuno manheru ano, Ishe, nenzira yemafoni. Dai munhu wese asina kuponeswa awana Jesu Kristu seMuponesi wake, manheru ano; podzai vose vanorwara nevanotambudzwa, Baba, muranda weNyu auya pabasa, nemuZita raJesu. Amen!

<sup>3</sup> Ishe varopafadze mumwe nomumwe wenyu. Ndinofara kwazvo kuva pano manheru ano. Ndangopinda apo Hama Ernie vanga vachiimba chikamu chokupedzisira chechimbo chavo, *PaMapapiro ENjiva*. Zvirokwazvo inhetembo yakaisvonaka, yakaisvonaka zvezmazvirokwazvo, uye ndi—ndinoziva kuti iri mumwaka. Saka zvino, tinotenda zvikuru.

<sup>4</sup> Uye kunemi mose vanhu muri kuteerera manheru ano munyika yose, ndinoshuva kuti dai manga mungori pano kuona kutarisira uku kwekumirira, pazviso zvevanhu apo vakamanikidzana muchivakwa manheru ano; vaine nguva inoshamisa.

<sup>5</sup> Tinoda kutenda Hama Jack Moore, neHanzvadzi Moore, neHama Noel, Hama Boutliere, Hama Brown, vose ava vanobatsira pano, tabhenakeri yose, vashandi vose, nokutikoka kuti tidzoke.

<sup>6</sup> Zvanga...zvezmazvirokwazvo...sokunge...handina kugona kuti masanga, rwanga rwungori ruwoko rwaMwari rwashanda kuti zvidaro. Pane hama pano yakava nechiroto munguva yapfuura, pamusoro pechinhu ichi chichiitika, akati ini “ndainge ndimire ndakapfeka mudhebhe muchena, ndakapfeka shangu dzemaIndia.” Uye ndiwo chaiwo mamiriro

andainge ndakaita pandakafonera Hama Jack maererano nemusangano pano, chaizvoizvo, (paCarson, Colorado) shangu dzemaIndia ndakapfeka mudhebhe muchena welevi; Hama Leo, kana muri kuteerera kuno, ndakanga ndiri kuzosangana nemi mumaminiti mashoma. Saka ndipo apo musangano pawakabarirwa, ipapo chaipo.

<sup>7</sup> Zvino iSvondo manheru; ndinoziva kuti vakawanda wenyu vachatyaira usiku hwose manheru ano muchienda kumba, vamwe wenyu vachange vachizotyaira mangwanani. Ndine kutyairwa kwemazuva maviri kuri mberi kwangu. Uye saka ha—hatizokubatai kwenguva yakareba. Uye ndaedza kuti uno uve usiku hwenguva dzakare, usiku uhwo Hama Brown, neHama Jack, nesu tose taimbonamatira varwere makore akapfuura, tizonamatira varwere nenzira imwe cheteyo sezvataiita kareko.

<sup>8</sup> Zvino, muri kundinzwa here kumashure-shure uko? Ndiri kungoramba ndichidzikisa mamaikirofoni aya nokuti ndakashoshoma.

<sup>9</sup> Uye saka ndinoda ku...Chinongori chimwe chinhu chiduku, chinhu chiduku ichi chakaitika. Saka, vanga vachindiudza munguva shoma yapfuura kuti panga paine imwe hama, pamwe iri muno mumusangano manheru ano, iyo achangobuda kubva mune zveMasangano; ndokuuya kuShreveport, achida kunzwa nezveMharidzo. Zvino akarasika, akanga asisazive kuti ainge ari kupi, saka akaenda mukati meguta. Akaona vanhu vakaungana, ndokuti, “Ndipo here pano apo Billy Branham achange achizoparidza?”

<sup>10</sup> Akati, “Kwete, ndeapo Billy Graham achange achizoparidza ne—nenzira yebha—bhaisikopo.”

<sup>11</sup> Iye ndokuti, “Saka, ndine urombo, nda—ndauya panzvimbo isiri iyo.”

<sup>12</sup> Akati akauya kumusoro, iye ndokuti, “Zvino ndingaendepi, Ishe?” Ndokuti akatanga kufamba nemugwagwa uyo mukuru. Handizive kuti unonzi chii, pane chechi huru kumusoro kuno uku kwaunogumira. Texas Street. Zvino pakanga paine muchinjikwa mukuru muchena pamusoro pechechi. Ndokuti Ishe vakamutaurira, ndokuti, “Ingoramba uchifamba.” Ndokuti...zvino paakasvika ipapo, paiva ne...Ndokuti, “Saka, ndepano pachu pauri, pane motokari dzakawanda dzakamira ipapo pose.” Zvino ndokuti, “Mwenga nechikomba vakafamba vachibuda muchechi.” Ndinezuro manheru, paiva nemuchato, ndakauona uchibuda kunze. Ishe vakati, “Zvino, ndizvo zvazviri. Uri kubuda kubva mune zveMasangano uchipinda muMwenga, kuti ugoenda neChikomba.” Maona? Maona?

<sup>13</sup> Ndanga ndiri kutaura kumudzimai wangu, tichiuya tichidzika nemugwagwa, mamiro anga akaita mwedzi nenyeredzi zvakanoyatsorembera pamusoro chaipo

pemuchinjikwa uyu, patanga tichifamba tichipinda mauri. Ndinofunga kuti ndinongotarisa zvinhu zviduku zvakadaro, zvichida zvinoenderana nekutenda kwangu munaMwari neshumiro yangu.

<sup>14</sup> Ndanga ndiri kufunga manheru ano, muTucson, zvaitika kuti Victor Le Doux, aiva iye murume uya wechiFrench . . . iye murume wechiFrench chaiye. Ndinotenda kuti ndakanga ndiri kukuudzai pane rimwe zuva rakapfuura, kuti pandakapedza kutaura, ndichiedza kupatsanura zveasangano kubva kuChikristu chemazvirokwazvo . . . Zvino mumwe murume akanga ari kundipa . . . hurukuro inenge duku pamusoro pazvo, anobva kune rimwe sangano rine mukurumbira rekereke yechiPentekosti.

<sup>15</sup> Nokudaro Danny Henry, ndinofunga kuti muzukuru wemunwe mutambi wemabhaisikopo kanawo zvimwe, uye akanga ari muBaptisti; zvino akamhanyira zasi kupuratifomu, zvino ndokungokandira maoko achindimbundira zvino ndokuti, “Hama Branham, ndine tariro yekuti izvi hazvisi kuita sokumhura, asi iyo inogona kuva chitsauko 23 cheZvakazarurwa.” Zvino paakatanga kutaura zvimwe zvinhu zvakare, akatanga kutaura nendimi.

<sup>16</sup> Zvino izvi, vanhu vatatu vechiFrench . . . Mumwe mudzimai wechiFrench (mudzimai mukuru, mufemu, ane ruvara rwakasviba, anobva kuLouisiana, anogona kunge agere muno manheru ano) akazvinyora pasi pachidimbu chepepa, zvaakanga ataura. Zvadaro Victor Le Doux, mushumiri, akanyora pasi zvinhu zvimwe chete; vakanga vari kuenzanisa zvinyorwa, kana kuti vaizodaro. Mumwe murume ane musoro muchena (kunge vhudzi reblonde) akanga amire kumashure-shure, akazvimanikidzira kumashure sokukwanisa kwake, akauya mberi achifamba, achida kuona zvinyorwa zviya. Ndiye akanga ari muturikiri wechiFrench kuU.N. Zvino zvinyorwa zvose zvirivritatu zvakanga zvakafanana.

<sup>17</sup> Zvino Wakataura kuti:

*Nokuti wakasarudza iyi nzira yakaomarara . . .  
Wakaisarudza, wakatora . . . wakasarudza nokusarudza  
kwako.*

Ndizvo, tinozviziva. Mosesi akatoita sarudzo yake. Ndokuti:

*Iyi ndiyo nzira chaiyo uye yemazvirokwazvo, nokuti  
iNZIRA YANGU.*

*Uye i—isarudzo yakabwinya zvakadini yawakaita!*

Ndokuti:

*Nokuda kwaizvozvi, chikamu chikuru cheKudenga  
chakakumirira.*

*Zvino izvi pachezvazvo ndizvo zvacho zvichaita, uye nokuita kuti paitike, kukunda kukurusa muRudo rwaMwari.*

<sup>18</sup> Zvose zviri zvitatu zvakanga zvakafanana. Ndafunga kuti ndanga ndinazvo muBhaibheri rangu manheru ano, (ndatarisa imomo, asi ndanga ndisina), chinyorwa chacho chepakutanga.

<sup>19</sup> Danny Henry haazive . . . seni pachangu, haazive Chirungu chakanaka, ko kuzoti chiFrench. Kana mukacherechedza imomo, zvakaita sokuti rurimi rwechiFrench, vanoisa chiito pamberi petsananguro yechiito. Uye dudziro yezvose zviri zvitatu yanga yakanyatsofanana.

<sup>20</sup> Danny Henry, imwe nguva yapfuura, anogadzira . . . Danny anogona kunge akaterera manheru ano. Victor Le Doux zvichida ari, nokuti ndine kunzwisisa kwekuti ari kuTucson. Uye imi vanhu vari kuTucson pachechi, tabhenakeri, Tucson Tabernacle uko Hama Green ndivo mufudzi; Hama Victor Le Doux, ndine kunzwisisa kwekuti vari mumusangano wemutende uri chaiko kunoperera Park Avenue apo painopinda munaHighway 80, uchiuya wakadai. Zvino kana uri ikoko mangwana manheru nemanheru anozotevera, apo pose paanenge ari ikoko, endai munomunzwa; uye Danny anogona kunge ainaye. Uye zvinogona kuitika kuti vari kuteerera kubva kutabhenakeri manheru ano, handizive.

<sup>21</sup> Danny akaenda kuJerusarema mushure maizvozvo, uye nokuti akanga akarara imomo mubwiro panhowo . . . nhowo yedombo paiva parere Jesu, ari chitunha nguva yekumuka kwaKe yave kusvika. Zvino ndokuti, pakarepo ndakauya mundangariro dzake; uye ndokuti akamhanyira kunze, ndokutanga kuchema, zvino ndokufamba panze. Zvino akatungamirwa . . . Iye murume anogadzira zvinhu kubva mumatombo; anokungurutsa matombo, ndizvo zvandanga ndichireva. Akati akaenda panzvimbo yavaiti ndipo pakadzikiswa muchinjikwa, zvino akangodonha . . . ndokukwachura chidimbu chiduku chedombo chakaita sokunge . . . o, inchi imwe mativi ose, kanawo zvimwe; ndokuriisa muhomwe make, zvino ndokufunga zvokuuya naro kumusha.

<sup>22</sup> Zvino paakadaro, chimwe chinhu chakati kwaari, “Gadzirira Hama Branham macuff link maviri kubva pariri.” Saka akariisa mumushonga, zvino rakashanduka ruvara kubva pamaratidzikiro edombo relimestone amazuva ose kuva dombo reruvara rweropa. Zvino akagadzira macuff link.

<sup>23</sup> Zvino paakaapa kwandiri, haana kunge azvicherechedza, asi nepakati chaipo pemacuff link aya ari maviri panopfura nenzira iya yakatwasuka, nhete. Ndakaapfeka manheru ano, kuti ndinamatire vanorwara. Munoono, ruvara rwedombo rwe—rweropa, seropa riri kujuja; nemutsara wakatwasuka, mutete uchipfuura nemo. Zvingori chaizvo izvo zvakataurwa

nechiporofita chake, “nzira yakatwasuka uye iri nhete”; munoono, muchiporofita. Ndakairatidza kwaari.

<sup>24</sup> Danny, kana uri kuteerera kuno, iwe kana Hama Le Doux, chero mumwe wenyu, manheru anhasi achava manheru aya echinyakare apo patichanamatira varwere. Ndinofara kufamba panzira iyi yakatwasuka, nhete, nzira yeEvhangeri, nzira yeShoko, naIshe vedu Jesu Kristu.

<sup>25</sup> Mwari vakuropafadzei mose. Zvino, makanaka kwazvo kutaura kwamuri, ndinongotaura kwenguva yakareba uye ndinozova nemi pano kwenguva yakarebesa. Billy ati pane vanhu vari pakati pemazana matatu nemana vanoda kunamatirwa, saka ndichatongokurumidza nemharidzo yedu nokukasika kwese kwandingagona, zvino zvadaro tozonamatira varwere.

<sup>26</sup> Zvino, kuvanhu vari kuArizona, usiku hwemusi weMugovera hunotevera, tinenge tiri uko (handimbokwanisi kufunga zita reguta iri) Yuma, Arizona, pamabiko. Saka zvino, muCalifornia, tinopfuurira kusvika Svondo mangwanani, kuLos Angeles uye nenzvimbo dzakafanotaurwa kunge dziri ikoko.

<sup>27</sup> Manheru ano, ndinoda kutora chidzidzo kubva muRugwaro.

<sup>28</sup> Gara zviya, ndanga ndigere muimba yekudyira nhasi, Morrison’s Cafeteria; Hama Jack, mudzimai wavo, ini nemudzimai wangu. Taenda uko kuMorrison’s Cafeteria kuti timbova nenguva duku pamwe chete, takanga tisina kumbobvira taenda kunze, madzimai haana kumbobvira akambova pamwe chete. Pakava nemumwe muchinda muduku akafamba ndokuuya kwandiri, zita rake anonzi Green, ndibaba veHama Peary Green. Zvino ivo vakati, “Munoziva, Hama Branham, makanga muri kutaura nezve ‘johnny pin’ pane umwe usiku.” Chaizvoizvo... Chii zviya? Bobby pin. Vakati, “Makanga muri kutaura pamusoro pe ‘johnny pin,’” ndokuti, “ndakuwanirai ‘johnny pin.’” Vabva vandipa.

<sup>29</sup> Zvino, iyi ndiyo “johnny pin,” madzimai, iyi haishande muvhuzi. Iyo “johnny pin,” vakati—vakati vava nemakore vachiishandisa, kubata mapeji eBhaibheri ravo. Saka vati, “Ndichakupai chaiyo yacho ‘johnny pin.’” Saka, Hama Green, kana pane pamuri muno kana kuti muri kuteerera kuno, “johnny pin” iya yakanaka kwazvo, inonyatsoribata zvakanaka.

<sup>30</sup> Zvino tinoda kupinda muMagwaro iko zvino. Uye ndinoda kuti muzarure pamwe chete neni kuna Mapisarema 55, uyewo zvakare Mateu 3. Uye chidzidzo changu manheru ano wanga uri musoro wechidzidzo weHama Ernie: *PaMapapiro ENjiva Chena Sechando*. Zvino, handisi kuzokwanisa kushandisa zvose zvinyorwa neMagwaro zvandinazvo pano, nokuti ndichangoita sokuti chirikei mamwe awo mashoma, uye nokuda kwekuti ndakavimbisa mharidzo.

31 Ishe vachitendera, kuYuma usiku weMugovera unotevera, ndinoda kuparidza nezve: *Zvinhano Zvinodiwa ZvepaKubvutwa*, kana Ishe vachitendera.

32 MumaPisarema 53 . . . Ndine urombo, maPisarema 55.

*Rerekai nzeve . . . (Ruregerero? 55, hongu, changamire.)*

*Rerekai nzeve yenyu kumunyengetero wangu, O Mwari; . . . regai kuzvivanza pakukumbira kwangu.*

*Nditeererei, mundinzwe: ndinoshaiwa zororo mukuchema kwangu, nokuita ruzha;*

*Nokuda kwenzwi remuengi, nokuda kwekumanikidza kwewakaipa: nokuti vanondipomera zvakaipa, vanonditambudza nokutsamwa kwavo.*

*Moyo wangu unorwadziwa kwazvo mukati mangu: uye garudzo rorufu rakandiwira.*

*Kusatya nokubvunda kuuya zvakandiwira, kutya kukuru kwakandifukidza.*

*Ini ndikati, Haiwa dai ndaiva nemapapiro senjiva! naizvozvo ndaibhururuka, ndikandozorora.*

*Tarirai, ndingadai ndaitizira kure, ndaindogara kurenje. Sela. (Sela zvinoreva “Ameni.”)*

33 Dhavhidhi, munhu aida zvemurenje, paakange achishushikana uye vanhu vasingamutendi, uye vavengi vachinge vamuvunga, akati, “Dai ndaiva nemapapiro enjiva, ndaibhururukira kunze murenje zvino ndoramba ndiriko ikoko.” Kanganu kandakafunga chinhu chimwe chete ichocho! Dai ndaikwanisa kutora pfuti yangu kubva kumadziro, nebhegi rangu remusango, ndoenda murenje uye ndorega kuzodzokazve. Ndakakumbira Ishe kuti ndirarambe kusvikira ndione iro zuva . . . Handidi zvachose kuitirwa shumiro yemariro, ndakati, “Kana ndikangogona kuenda kunze kumasango pane imwe nzvimbo, ndozendamisa ‘Blondie’ yakatsamira muti, . . .”

34 Iyi ipfuti yangu, ruregerero, ndi—ndi—ndinozvitaura nokuda kwemudzimai wangu agere apo. Munoziva, pfuti iyi, imwe Hama pano yakandipa makore akapfuura, nayo ndakauraya mhuka makumi mashanu nemashanu, pasina bara rimwe rakambopotsa, dzimwe dzacho dzainge dziri kure mayadhi mazana manomwe kusvika mazana masere. Ndinozana kuti “Blondie” nokuti mudzimai wangu ane vhudzi rakatsvukuruka, saka iye akati ndinofunga zvakananyanya nezvepfuti iyi kudarika zvanidinomuita. Asi . . .

35 Saka, ndi—ndinoda kuizendamisa pamuti, uye ndoti, “Ishe, regai Joseph aiwane rimwe zuva.” Ndinoda kutora mapapiro enjiva ndoenda ndichibhururuka.

<sup>36</sup> Asi zvakangoita seimwe nguva pamusoro pemakomo apo ndakatarisa chapungu, zvino ndokuchiona chichienda chichibhururuka (munoziva nyaya yangu yezvacho), ndakati, “Zvakanaka kuva pano, Ishe; saPetro akati, ‘tinogona kuvaka matabhenakeri matatu.’ Asi zasi mujinga megomo, varwere nevanotambudzwa vakamirira, vakarasika nevari kufa vakamirira.” Saka regai tiite zvatinokwanisa achiri masikati, uye rimwe zuva pachava ne...mapapiro eChapungu chichena achadzika pasi, Achatitakura achienda nesu.

<sup>37</sup> Zvino munaMateu 3:16, ndinoda kuverenga 16 ne 17.

*Zvino Jesu, akati abhabhatidzwa, pakarepo akabva abuda mumvura: zvino, tarira, matenga akamuzarurirwa, akawona Mweya waMwari uchiburuka senjiva, ukauya pamusoro pake:*

*Zvino tarira inzwi rakabva kudenga, richiti, Uyu ndiye Mwanakomana wangu unodikanwa, waNdinofarira. (Nemamwe mashoko, “waNdinofarira kugara maari.”)*

<sup>38</sup> Zvino tinoda kutaura kwemaminiti mashoma pamusoro peshiri iyi. Njiva yagara nguva dzose iri imwe yedzimwe shiri dzepamoyo pangu. Uye kufunga pamusoro penjiva, njiva zvemazvirokwazvo...nehangaiwa ishiri imwe chete. Hangaiwa injiva yakapfuyiwa. Dziri mbiri ndedzemhuri imwe chete. Ndakazvinzvera zvino imhuri imwe chete. Hangaiwa nenjiva, dziri mbiri ndedzemuhuri imwe chete. Maitiro eshiri idzi anoshamisa kwazvo.

<sup>39</sup> Ndakaparidza pano, makore mashoma apfuura, mumusangano wemutende kunze kuno uku pamwe neHama Moore, nezve: *Gwayana NeNjiva*. Ndinofungidzira kuti mose munozvirangarira; uye kuti njiva ndiyo shiri yakachenesesa pane dzose dzatinadzo, uye gwayana ndiyo mhuka yakanyorovesa pane dzose dzatinadzo. Dzose dziri mbiri ishiri nemhuka dzechibairo.

<sup>40</sup> Zvakanaka kwazvo sei zvichifananidzirwa pano saJesu ari Gwayana, naMwari vari Njiva. Zvino njiva haizomhari pamhumhi, hunhu hwayo hauna kunaka. Hayaigona kunge yakamhara paimbwa, hunhu hwayo hauna kunaka. Zvaitofanira kuve pagwayana; hunhu uhu huviri hwaifanira kunge hwakafanana. Uye ndizvo zvatinfanira kuve, hunhu hwedu hunofanira kushanduka kubva kuve mutadzi anowomba kuhunyoro hwegwayana.

<sup>41</sup> Uye makacherechedza here kuti Njiva yakatungamira Gwayana? Uye cherechedzai, Gwayana rakapira zvose zvaRaiva nazvo kuNjiva. Uye tarirai uko Njiva kwayakaRitungamirira: kunorovererwa nokuda kwezvivi zvedu tose.

<sup>42</sup> Zvino, Njiva ya...Mwari vakanga vachida chinomiririra Mwanakomana waVo, Akamiririrwa nemhuka yakachenesesa

uye yakanyorovesa pano panyika, chisikwa chinogara panyika; asi Mwari pavakamiririrwa vachizviratidza pachaVo mumatenga, vakazviita neshiri yakanyorovesa uye yakachenesesa kudarika dziripo mumatenga, njiva.

<sup>43</sup> Zvino, njiva dzinosiyana-siyana, kune mhando dzakawanda dzakasiyana dzadzo. Kazhinji bvukutirwa ishiri yeruvara rupfumbu. Uyezve pane njiva inochema, uyezve pane njiva yemadekwana. Pane imwezve inonzi njivamutondo iyo yatiinayo kumusha, kamuchinda kaduku, kapfumbu; kamuchinda kaduku, kane mitsara mitsvuku pamapapiro ako. Pane mhando dzakawanda dzakasiyana dzenjiva, uye dzinosiyana pamavara. Saka ndicho chinhu chimwe chete nehangaiwa.

<sup>44</sup> Zvino, njiva ine kamuumbirwo kakatsaukana kenjiva, nokuti hunhu hwayo haikwanise kudya chero chinhu chisina kuchena; haingokwanisi kuzviita, nokuti haina kugadzirirwa izvozvo.

<sup>45</sup> Zvino, ndagara ndichitaura nguva dzose pamusoro penjiva kuti mufananidzo waMwari, uye savara riri mufananidzo wemunyengeri. Savara rinogona kumhara pachitunha chakafa kare rodya, zuva rose, uye robhururukira mumunda zvino rigodya gorosi pamwe chete nenjiva. Asi njiva inogona kudya gorosi zvakanaka, asi haikwanise kudya chitunha chakafa. Maona? Haingokwanisi kuzviita, haigoni kuzvidya. Uye ndakafunga kuti sei isingazviite; dzose dziri mbiri ishiri, dziri mbiri. Asi sei? Magadzirirwo adzo.

<sup>46</sup> Ndizvo zvazviri neMukristu wechokwadi. Mu... anongoriwo Mukristu wesangano anogona kungotora chinhu chose-chose, asi Mukristu wechokwadi, akabarwa patsva haakwanise kutora zvinhu zvemunyika. Akaumbwa zvakasiyana.

<sup>47</sup> Ndakaona kuti njiva haina nduru zvachose. Hamuna nduru munjiva nokuda kwekuti haina basa nayo.

<sup>48</sup> Saka ndiyo nzira yazviriwo neMukristu, haadi nduru, munoona, nokuti anogona bedzi kudya Chikafu chaMwari. Uye hazvidi nduru kuti igochinyungudutsa; zvinotora rudo, munoona, saka iye...kunyungudutsa chikafu. Nduru: "O," vanoti, "zvakanaka..." vanopesana naCho. Asi rudo rwunogara nguva dzose rwuchiChigamuchira, Shoko raMwari.

<sup>49</sup> Zvino, haina nduru, saka naizvozvo hayaikwanisa... hazvingori mairi kudya chinhu chakaipa. Zvino dai yaidaro, chaiuraya. Asi hapana njodzi, haasi kuzochidya (uh-huh), nokuti haana havi yacho.

<sup>50</sup> Uye ndiyo nzira yazviri neMukristu wemazvirokwazvo. Manga muchiziva here kuti Mukristu wemazvirokwazvo haana kana chivi chaanopomerwa? Dhavhidhi akati, "Akaropafadzwa uyo munhu anonzi naMwari haana chivi." Kana uchinge



washambwa muRopa reGwayana (kwete nekutenda kwekabanga, asi chaizvoizvo iro—iro Ropa reGwayana), Mwari havakuwanire mhaka pane chero chakaitwa, nokuda kwekuti uri pasi peRopa uye haVachione. Pane chibairo chine Ropa; chinhu choga chaVanogona kukuona uri machiri, ndiyo nzira iyo yaVakakuona nyika isati yavambwa paVakaisa zita rako muBhuku reHupenyu reGwayana. Ndizvo zvoga zvaVanogona kutarisa kwazviri, nokuti wakadzikinurwa kubva kune zvose zvakamboitwa, wakashambwa muRopa reGwayana. Nokudaro hamuna nduru mauri, hamuna tsika yakasviba mauri, nokuda kwekuti Ropa reGwayana razviita; uye Mwari havakwanise kukuwanira chivi mushure mokunge wawana chibairo chechivi chakararapo chakakumiririra.

<sup>51</sup> “Zvakanaka,” unoti, “zvinondipa mukana wakakuraka zvino, Hama Branham, ndinokwanisa kuita zvandinoda.” Ndinogara ndichidaro; nguva dzose. Asi kana munhu akagona kunyatsoona zvaakaitirwa naJesu, zvino otendeuka otanga kuita zvinhu zvinopesana naYe, zvinoratidza kuti haana kumbobvira agamuchira Kristu.

<sup>52</sup> Ndine mudzimai wangu muduku agere kumashure uko. Muduku kwandiri nemakore gumi, uye achena musoro sezvandaite. Chikonzero chacho ndechekuti akamira pakati pangu ne—nenyika yekunze. Dai ndanga ndiri kuenda mhiri kwemakungwa, uye ndai...Haingave here imwe mhando yemhuri yokugara mairi, toti ndaunganidza mhuri yangu kwandiri zvino ndoti: “Tarirai kuno, Mai Branham, unoda kucherechedza kuti uri Mai William Branham. Usazova nevamwe varume pandinenge ndaenda. Usafe wakaita meso-meso kune mumwe murume upi zvake,” nezvinhu zvose izvi. “Usaite gumbo panze zvachose. Kana ukazviita, pandinodzoka ndinosvikokuramba.”

<sup>53</sup> Zvino iye anotendeukawo zvino oti, “Zvino, murume wangu akanaka, ndinoda kukuudza chimwe chinhuwo zvakare. Hausi kuzofambidzana nemumwe mukadzi kana uchinge waenda. Usazoita *zvakati* nezvokuti. Kana ukazviita, chingozvzivira kuti wakatorambwa paunouya kumba.”

<sup>54</sup> Zvino, haingava here mhuri ine rudo? Maona? Kwete! Kana ndichinyatsomuda...Kunyange ndichitenda kuti kana ndikakanganisa ndotsvedza uye ndoita chimwe chinhu chakaipa, ndinotenda kuti anondiregerera nokuda kwazvo nokuti anondida. Uye kana akazviita, ndinotenda kuti ndinomuregerera nokuda kwazvo; zvirokwasvo, nokuda kwekuti ndinomuda. Asi kana ndichimuda zvakadaro, chero ndichingomuda zvakadaro haana chinomunetsa. Kunyange achindiregerera, handingambomurwadzisa kana zvikaita sei. Ndi—ndi—ndinonzwa kuti ndiri munhu ane mhosva kudarika vanhu vose panyika, handaimbomirira nguva iyo yandaimuudza zvandainge ndakaita, nokuti ndinomuda. Zvakanaka, ndizvo . . .

Kana ndichimuda nerudo rwefilio zvakadaro, ko rwunengeze rwakakura zvakadini rudo rwangu rweagapo kuna Jesu Kristu?

<sup>55</sup> Kunyange ndingagona kuputa mudzanga, handina kana muhupenyu hwangu; asi kunyange ndikadaro, Anogona kundiregerera nokuda kwazvo, ndinotenda kuti Anozviita. Kana ndikanwa, handina kana muhupenyu hwangu, asi ndinotenda kuti Anondiregerera nokuda kwazvo. Uye ndinoMuda zvakanyanyisa, (Mwari, vandibatsire) handidi kuita chinhu chakadaro, munoono, nokuti ndinoMuda. Zvinhu izvozvo zvakabva pandiri, nokuti paAkandishandura kubva kusavara kuva njiva zvakaita mutsauko, zvisiwo zvangu nezvinhu zvakanisira; zvino handiwanirwe chivi nokuda kwekuti handivavarire kuzviita, hazvisi mandiri kuzviita.

<sup>56</sup> Zvino chimwe chinhu chikuru pamusoro penjiva iyi. Ishiri isinganzwisike. Makamboona here dzimwe shiri dzose . . .

<sup>57</sup> Imwe yeshiri dziri pamoyo pangu idhimba. Zvino, imi vakomana regai kupfura tudhimba twangu, munoono, nokuti handidi kuti muzviite. Dhimba yangu, munoziva kuti yakawana sei dundundu rayo dzvuku? Munoziva, rimwe zuva paiva nemumwe Murume akanga ari kufa pamuchinjikwa, hapana akanga ari kuMubatsira, Mwari vakanga vasiya Murume uyu oga, uye Akanga ari kufa. Maoko aKe akanga aine zvipikiri maari, tsoka dzaKe nepadivi paKe zvaijuja ropa, korona mumusoro waKe neminzwa, ropa richimhanya nepachiso chaKe. Zvino paiva nekamwe kashiri kaduku kakapfuura nepo, kashiri kaduku, kebrown. Zvino yakatarisa pane izvozvo, yakanga . . . ndokufunga kuti chakanga chiri chinhu chinonyanyisa kusiririsa chayati yamboona. Uye yakaziva kuti yaingori shiri duku, asi yakatarisa zvipikiri zvihombe zvakakura, zvine utsinye zvemaRoma zvakarovererwa muruwoko rwaKe, zvino yakabhururuka nemuromo wayo muduku ndokuedza kuzvidzipura. Zvakaita kuti dundundu rayo rose rizare ropa, kubvira ipapo rakabva rava dzvuku. Ndinoda chipfuva changu kuti chidzivirirwe neRopa raKewo, zvakare, ndichiRidzivirira pandinouya kuzosangana naYe. Ndinoda kadhimba kaduku.

<sup>58</sup> Asi, munoziva, kadhimba kaduku kanotofanira kugeza; asi, munoziva, njiva haisungirwe kuzviita; kwete. Ine imwe mhando yemafuta mukati mayo anoizodza nokuigarisa yakachena kubva mukati zvichienda kunze. Munozviva? Njiva inawo! Njiva inozviodza namafuta. Wakambotora here imwe, ukanhuwidza munhuwi uri pari, hangaiwa kana imwewo? Mafuta ayo anogadzirwa kubva mukati mayo. Mutumbi wayo unogadzira tsinga yemafuta inochengetedza minhenga yayo yakachena kunze nokuti yakachena kubva mukati zvichibuda kunze. Ndizvozvo chaizvo. Ishiri duku inoshamisa kwazvo.

<sup>59</sup> Zvino, ndinoziva kuti munogona kudzivhima kuno, ndinofunga, muLouisiana. Musadaro! O, handaimbokwanisa

kuzviita. Ndinofungidzira kuti kana ndiine nzara, zvinenge zvakanaka, asi ini—ini handaimbogona kupfura imwe dai ndaifanira kuzviita.

<sup>60</sup> Pane...Njiva ine chimwe chinhu chikuru chinoshamisa mumhuri yedu. Rimwe zuva apo ambuya vangu...Vanobva kumusoro kuno uku kuKentucky, vachibva kumaruzevha emaCherokee. Vakanga vave kufa, mudzimai muduku, uye vakanga...Vaiva ne...Ndinofunga kuti vanochiti scrofula kanawo zvimwe, vakanga vave kufa. Zvino asekuru vakapfugama padivi remubhedha; apo Amai, Mainini Birtie, Mainini Howlie, vose vakapfugama vakapoteredza mubhedha; Sekuru Charlie, (kakomana kaduku, kane makore mana) mwana; Amai, mukuru pane vose, vaine makore anenge gumi nemaviri ekuzvarwa. Zvino vakanga vapetura vhudzi ravo dema pamubhedha, zvino ndokutanga kuimba, “Dombo Rakare, rakatsemurirwa ini, regai ndizvivanze maMuri,” pavakange vave kufa. Asekuru, panguva iyoyo, vakanga vasiri Mukristu. Ndakavabhabhatidza vave nemakore makumi masere nemanomwe okuzvarwa, muZita raJesu Kristu, muzasi merwizi apo pakaonekwa Mutumwa waJehovha.

<sup>61</sup> Asi pavakanga vari kuimba chimbo ichi, vakasimudza mudenga maoko avo maduku aive asina simba, njiva yakabhururuka ichipinda nepamukova; ndokuuya ipapo, ndokumhara pamusoro pemubhedha, ndokutanga kuchema. Mwari ndokutora mweya wavo.

<sup>62</sup> Ndakaenda uko kuLondon, England pamwe neHama Jack pamwe neHama Gordon Lindsay, zvino pakanga paine mumwe mudzimai anonzi Florence Nightingale (zvinonzi izvo, ndinofunga, mwana wemuzukuru kana zvimwe zvakadaro wemuchakabvu Florence Nightingale) uyo akandinyorera tsamba dzakawanda. Akanga ari zasi kuSouth Africa, ari kufa nekenza. Zvino akanga aine mufananidzo; makauona mubhuku. Handisati ndamboona munhu akadaro muhupenyu hwangu. Hama Jack, ndinotenda, vaiva pamwe chete neni zuva iroro. Takaenda mune imba yemushumiri, kumba kwemufudzi, ingori kuseri kwechechi uko kwavakanga vamuunza.

<sup>63</sup> Apo pataive tichiri kunze kwe... uko kwakamharira ndege, vakatitsvaka vachidanidzira mazita edu, zvino akanga atori muamburenzi ipapo zvino; akanga abhururutsa kubva—kubva kuzasi kuSouth Africa, vachiziva kuti ndakanga ndiri kuuya kuEngland panguva iyoyo. Mushumiri akamutora ndokumuendesa kuimba yemufudzi, saka takaenda seri ikoko kuti tinomunamatira.

<sup>64</sup> Ndakaona vanhu vakawanda vanorwara, asi maoko ake maduku akanga asingaratidzike kuve akakora zvinodarika inchi imwe chete, dehenya rake—rake parinonunganidzana, waigona kupaona. Uye iye...makumbo ake kumusoro kuno

uku pahudyu yake aive asingadarike *zvakadai*, kuda kukora mainchi maviri, raingova bvupa. Uye akanga asingakwanise kusimudza mawoko ake, aive akanyanyisa kurukutika zvokusakwanisa kusimudza maoko ake. Uye akanga ari kuedza kutaura chimwe chinhu, zvino handina kugona kumunzwisisa. Zvino pandakazogona kunzwa, ndinotenda kubudikidza nemukoti, akati, “Hama Branham, namatai kuti Mwari vachindirega hangu ndife.” Akanga asingagone... asisade kurarama. Uye ndakacherechedza, zvino misodzi yakanga iri kuyerera nepadivi rebvupa rekumeso kwake. Kana kwaakawana mvura yakakwana yokuti acheme, handizive; nokuti tsinga dzake dzakanga dzafovera mukati, uye akanga ari muchinhano chakaipa kwazvo. Ndichiuya kuzonamatira varwere, handaikwanisa kumunamatira kuti afe. Asi aingoratidzika sokunge akanga asiri kuzofa, akangoenderera mberi akadaro.

<sup>65</sup> Ndakapfugama pamwe chete nemufudzi wenyu, mukamuri umu kuti tinamate. Zvino pandakapfugama kuti ndinamate, njiva duku yakabhururukira pahwindo; ndokutanga kuchema. Zvino pandakapedza kunamata, ndakafunga kuti yaiva njiva yakapfuyiwa ipapo pane imwe nzvimbo. Kunze kuine mhute, zvingori England, maBritish Isles ikoko. Zvino njiva duku iyi yakamira kuchema, uye ndokubhururuka ichienda. Ndakafamba ndichiendako ndokuisa maoko angu paari ndokudana Zita raShe. Zvino mudzimai uyu ave mudzimai muhombe kwazvo, akasimba ane hutano nhasi uno, pamapapiro eNjiva.

<sup>66</sup> Inozvichengeta yakachena kubva mukati. Mukristu anozviitawo zvakare, anozvishamba kubva nemukati. Izvozvo zvinochengeta pfini... Haidi nduru kuti igozeya chinhu chipi hacho, nokuti haizvidye. Maona? Yakachena zvichibva mukati zvichienda kunze.

<sup>67</sup> Zvino, tinocherechedza kuti shiri iyi... Pane zvinhu zvizhinji zvandakanyora pasi pano, asi wachi inoramba ichifamba. Shiri iyi yaishandiswawo zvakare muTestamende Yekare sechibairo, cheyananiso nekucheneswa. Ngatingotaurei pano nezvechimwe chete chiri muna Genesi 15:9. Ngatifungei nezvendima iyi kwechinguvana. Zvino, Abrahamu akanga... akabvunza Mwari pano, kuti izvi Vaizozviita sei. Zvino Mwari vari kuita Shoko raVo zvakare kuna Abrahamu, uye Vanoriita nenzira isinganzwisisike. Kutangira zvingangoita pane... Ngatitangirei pandima 1. Handidi kukurumidzisa izvi.

*Shure kwaizvozvo shoko raJEHOVHA rakasvika kuna Abrahamu pane zvaakaraidzwa, . . .*

Munoona, Abrahamu akanga ari muporofita, nokudaro akaona zviratidzo.

... *Usatya*, Abrahama: *ini ndiri nhowo yako*, uye... *mubairo mukuru*. (Jehovha-Manase, munoono.)

Zvino Abrahama *akati*, Tarira-... *akati*, *Ishe MWARI*... (Cherechedzai, I mukuru, “Ishe MWARI.” Erohim! Maona?)... *Ishe MWARI*... (muchiratidzo)... *muchandipeiko*, *zvandofa hangu ndisina mwana*, uye mutariri weimba *yangu ndiEriezeri uyu weDhamasiko?*

Zvino Abrama *akati*, Tarirai, *hamuna kundipa mwana: zvino*, tarirai, *uyo wakaponerwa mumba mangu ndiye uchava mudyi wenhaka yangu*.

*Ipapo, shoko raJEHOVHA rakasvika kwaari, rikati, Uyu haangavi mudyi wenhaka yako; . . .*

Akabva amupa vimbiso, munoziva. Kwete... Munoono, pakarepo Abrahama aigona kunge akakundika, asi vimbiso haina zviga; sungano, haina zviga.

... *asi uyo uchabuda pahura hwako ndiye uchava mudyi wenhaka yako*. (Uye ava nezana remakore okuberekwa zvino.)

*Akamubuditsa panze, akati, Zvino tarira wakananga kumatenga, uverenge nyeredzi, kana uri uchigona kudziverenga: zvino akati kwaari, Ndizvo zvichaita vana vako*. (Munhu asina mwana, uye zvino ave nezana remakore okuberekwa.)

*Iye akatenda JEHOVHA; akamuti ndiko kururama kwake*.

Zvino *akati kwaari, Ndini JEHOVHA wakakubuditsa panyika yeUri*, kubva kuvaKardhia, *kuti ndikupe nyika iyi ive nhaka yako*.

*Iye akati kwaAri, Tarira-... Ishe... kana Ishe... ndichaziva seiko kuti ichava nhaka yangu?*

68 Zvino teerera kune izvi.

Zvino *akati kwaari, Nditorere tsiru rine makore matatu, nesheshe yembudzi ine makore matatu, . . .* (tarirai zvitatu izvi zvino, “ine makore matatu”)... *negondohwe rine makore matatu, nenjiva, nomwana wehangaiwa*. (Vaviri vari vanhu vamwe chete, zviviri zviri chinhu chimwe chete. Munoono, yaishandiswa pakubaira izvo zvaifanomiririra Jesu.)

69 Sungano yakaitwa... Munoziva, matsemuro aakadziita nepakati, uye kuti izvozvi. . .

70 Kana kuti nguva dzakare, pavaitora... pavaiita sungano, vaitora zvino vonyora chi—chibvumirano chacho. Zvino vaiuraya mhuka, vomira pakati payo; votsemura sungano nepakati, mumwe munhu aitora chimwe chikamu. . .

<sup>71</sup> Sezvaiitwa nemuChaina aigeza mbatya. MuChaina uyu pano, akanga asingagone kunyora Chirungu, saka ainyora ipapo zvino aibvarura chimedu chebepa okupa chimwe chimedu. Uye mu—munorangarira maChaina aisuka nguwo pavaidaro. Zvino iwe...zvino micheto yadzo—yadzo miviri yaifanira kuenzaniswa, kuti utore hanzu dzako. Munoono, hawaikwanisa kumunyengera, nokuti akanga aine chimwe chikamu chacho. Waikwanisa kukopera zita rako pamwe, asi hawaikwanisa kubvarurazve bepa iroro. Maona? Saka, akanga aine... chaifanira kuva chibenga chimwe chete chebepa iroro.

<sup>72</sup> Saka ndizvo zvavaiita mumazuva evekumaOrient, kare... kana kuti kare-kare mumazuva eveKumabvazuva. Vaiuraya mhuka, vomira pakati payo, vobvarura nepakati dehwe rembudzi, mumwe aitora chimwe...Zvino kana sungano yasimbiswa, vaiunza zvidimbu zviya pamwe chete uye zvaifanira kunyatsopfekerana nemazvo.

<sup>73</sup> Zvino, izvo Mwari zvavari kumuratidza pano ndeizvi, pazvibairo izvi, zviri kutaura nezvaKristu; kuti Mwari vakatora Jesu ndokuenda naye kuKarivhari uye ndokuMutsemura nepakati, ndokugamuchira mutumbi kumusoro Kudenga uye ndokutumira Mweya zasi kwatiri, kuitira kuti Mweya mumwe chete wakanga uri paAri ufananira kuva pauri kuti ugopfekerana neMutumbi, kuti uve Mwenga mumazuva okupedzisira. Maona? Maona? Ndizvozvo chaizvo. Maona? Haizombova sangano, zvino. Ichange iri Shoko, izvo zvaAive. Maona?

<sup>74</sup> Asi sezvakaite Shoko iroro rinofanira kuuya kuShoko, sezvakaite chizenga mumunhu. Munoziva, kana muviri wako—wako uri kuvakwa, hauti chimwe chizenga chemunhu, chinotevera ndecheimbwa, uye chinotevera ndechenguruve. O, kwete, kwete. Zvose chizenga chemunhu. Ndizvo zviriwo Mutumbi waKristu, *rose* Shoko raMwari. Kwete chimwe chikamu chaRo, imwe tsika yakawedzerwa kwaRiri; kwete, iRo *rose* Mutumbi waKristu.

<sup>75</sup> Zvino, tinoona pano kuti akashandisa dziri mbiri njiva nemwana wehangaiwa, nokuti dziri mumhuri imwe chete. Zvino, munogara nguva dzose... .

<sup>76</sup> Saka cherechedzai (ndichangotaura nezveMagwaro aya akati-kuti) Revhitiko 12, uye nendima 6. Tinoona pano kuti murairo wekucheneswa kwemudzimai; kana mudzimai achinge abereka mwana, aifanira kumirira. Kana ainge ari mukomana, aifanira kumirira mazuva makumi matatu nematatu asati apinda muungano aine njiva, dzekuti acheneswe. Kana achinge abara musikana, aifanira kumirira mazuva makumi mapfumbamwe nematanhatu asati apinda muungano.

<sup>77</sup> Zvino tinoona pano, ndima 6.

*Zvino kana mazuva okunatswa kwake apera, pakupona mwanakomana, kana mwanasikana, ngaauye negwayana regore rimwe chete kuti chive chipiriso chinopiswa, nemwana wehangaiwa, kana vhukutirwa, kuti chive chipiriso chechivi, kumukova wetabhenakeri yeungano, kumuprisita:*

<sup>78</sup> Munoono, haakwanise kuuya zvino nokuti mazuva ake haasati akwana, asi anokwanisa kupa izvi kumu—muprisita pamukova, sechipiriso chake. Munoono, inogona kuva njiva kana mwana wehangaiwa. Dziri mbiri imhuri imwe chete.

<sup>79</sup> Zvino yai—zvino yaishandiswa payananiso, uye payananiso yechivi, njiva imwe chete. Kana yemaperembudzi, anova mufananidzo wechivi, waiunza njiva mbiri: imwe yacho yaibviswa musoro, yosunamiswa ichijuja ropa richienda pane imwe yacho; zvino imwe njiva yacho yairegwa ichienda yakasununguka. Zvino njiva iyi payaibhururuka, yaigeza pasi neropa remudiwa wayo, zvino ropa raichema kuna Mwari, “Mutsvene! Mutsvene! Mutsvene ndi Jehovha Mwari!”

<sup>80</sup> Hamusi kuona here Chikomba chiri kufa, Jesu Kristu? Akauraiwa uye ndokusaswa patiri, kuti tiende takasununguka, tichidanidzira kuti “Mutsvene! Mutsvene! Mutsvene! kuna Ishe.” Mifananidzo yakanaka zvakadini. Ndinoshuva kuti dai ndanga ndiine inzwi.

<sup>81</sup> Zvino chifananidza Mweya Mutsvene mukuru sokungoverenga kwataita muna Zvakazarurwa 3:16; yaishandiswa na Mwari sezviritidzo, iyoyi njiva.

<sup>82</sup> Noa akapiwa chiratidzo, sekuimba kwaita hama pamusoro pazvo. Mwari havana kufadzwa, uye pakanga pasina chaigona kumisa hashu dzaVo, nokuti Vakati, “Zuva ramuchaudya, zuva iroro muchafa.” Zvino Noa akanga awana nyasha na Mwari uye akanga avaka areka zviri maererano nemavakiro. . . mirairo, waro, ya Vakamupa. Zvino akambenge ari pamusoro pemvura.

<sup>83</sup> Ndinogona kufungidzira vake. . . izvo zvakaitika nemazuva iwayo pavakati, “Mukweguru uyu pamusoro pegomo, mutana mupengo, ari kuvaka areka, achiti ‘kuri kuzonaya,’ uye hakusati kwambonaya.” Asi iko. . .

<sup>84</sup> Noa akati, “Kuri kuzonaya, zvakadaro.”

<sup>85</sup> Uye ndinoziva zuva raakapinda mukati, ndinofunga kuti. . . handisi kukwanisa kufunga kuti raiva zuva ripi, ndinotenda kuti zuva regumi nemanomwe raChivabvu. Noa akapinda muareka, uye Mwari vakapfiga mukova.

<sup>86</sup> Zvino makore akatanga kuuya, mvura ndokutanga kunaya, migero yakatanga kuzara, zvitubu zvepasi zvakapamuka, zvitubu zvose zvakawodzvora mvura yazvo. Pakupedzisira vanhu vakapinda mudzimba dzavo, ndokuwira pamusoro. Areka iya yakare yakanga yakagara zvayo ipapo saizvo.

<sup>87</sup> Mushure mechinguva apo mvura yakakwana payakanga yaipoteredza, yakatanga kukwira mudenga ichienda mudenga. Vanhu vakagogodza pamikova uye vachidanidzira, asi ha—hapana chazvakabatsira, Noa haana kugona kuzarura mukova. Mwari vakaupfiga, Mwari ndiVo voga vanokwanisa kuuzarura.

<sup>88</sup> Saka ndizvo zvazviri paAreka yedu, Jesu Kristu; Mwari vakatizarurira mukova paKarivhari, Vachaupfiga zvemazvirokwazvo sokuuzarura kwaVakaita.

<sup>89</sup> Zvino yaive pamusoro pemvura, ichienda ichingoenda, kuda yakadzika maera pamusoro penyika apo nyika ino yakanga iri kufamba ichibva mugwara...kubva pa—pa... gwara rayo ramazuva ose. Zvino yaitenderera ichingotenderera, zvino zvimezu, nemiti, uye nepamusoro pemakomo nezvimwe zvakadaro, zvichidonha kwemazuva makumi mana neusiku.

<sup>90</sup> Uye mhepo padzakatanga kupera . . .

<sup>91</sup> Hasha dzaMwari dzinotyisa zvikuru. Rudo rwavo rwakachena uye nderweKudenga; uye hasha dzaVo dzingori dzeKudenga—dzingori dzeKudenga sezviri rudo rwaVo, nokuti, Vanofanira kupa mutongo nokuti iVo mutongi. Mupi wemutemo, uye mutemo usina murango hausi mutemo. Saka panofanira kuva nemurango kumutemo. Zvino ukadarika mitemo yaMwari, ndipo paunobhadhara murango wacho.

<sup>92</sup> Zvino tinocherechedza kuti mushure mokunge Noa akanga ari pamusoro pemvura ipapo, pasina kupokana ave kurwara nokuda kwemvura kubva paruzha nekutomutswa, uye hasha dzaMwari dzichikuya nokupwanya, uye kuzhamba nezvimwe zvakadaro. Zvino kwakatanga kuchinyarara, hapana chakaitika. Mazuva akapfuura, hapana chakaitika. Kuda chikafu chemhuka nezvimwe zvakadaro zvakanga zvave zvishoma, hapana chakaitika. Saka akafunga, “Handizive . . . Handikwanise kuona kunze.”

<sup>93</sup> Areka yakanga yakanyatsovakwa (kana wangove mukati mayo chete), paingori nehwindo rimwe chete mairi, uye rakanga riri pamusoro chaipo. Hawaikwanisa kutarisa kumativi, hakuna kumwe kwawaigona kutarisa kunze kwekumusoro. Uye ndiyo nzira imwe chete iyo Areka, Jesu Kristu, zvaari. Haukwanise kutarisa kumunhu ari pedyo newe, haukwanise kutarisa chimwe chinhu kunze kwaKristu kana uri muAreka nokuti pane mukova mumwe chete, uye iYe ndiye Mukova wacho watataura nezvawo mangwanani ano. Unofanira kuramba uchitarisa kumusoro, “Nokuti uyo anoisa ruwoko rwake pagejo zvino kana akangocheuka achitarisa kumashure, haana kukodzera kurima.”

<sup>94</sup> Zvino, semuareka iyi . . . Uye aikwanisa kuona chiyedza, uye zvichida chiedza chezuva, asi ainetseka kuti ainge ari kupi. Areka yainge ichiri pamusoro pemvura, aigona kunzwa masaisai achirovera pamativi, asi aiziva kuti kwakanga kwava



nemazuva akawanda, zvirokwasvo mvura yakanga yave kupera panguva iyoyo. Saka akaenda ndokutora shiri isina kutendeka, ine manomano, zvino akaiedza, ndokuituma kunze. Yakanga iri gunguwo, uye gunguwo iri harina kuzombodzoka, nokuti rakawana zvinofadza kunze ikoko, kunze kweareka yaMwari. Raibhururuka richibva pane chimwe chitunha richienda pane chimwe, richidya zvitunha nezvinhu zvakaora zvakanga zvakayangarara pamusoro pemvura; uye rakanga rakanyatsogutsikana.

<sup>95</sup> Saka mushure mamazuva akati kuti akaedza zvakare, nokuti aiziva. . . Akanga asingade kubuda kunze achipinda muhasha dzaMwari. Saka akabuditsa njiva kunze. Zvino njiva iyi yaiva nehunhu hwakasiyana ne. . . Yakanga isiri gora, kana kuve chinonya zvakaora, inogogona kudya bedzi zvinhu zvakanaka zvachena. Zvino yakanyatsogutsikana nokuti yakashaya pamwe panhu pokuisa tsoka dzayo, yakadzokera muareka. Noa akati, “Saka, mafashamu achiripo.”

<sup>96</sup> Zvadarwo akamirira mamwe mazuva akati kuti zvakare, zvino ndokutuma zvakare; semunamato wake, “O Mwari, hashu dzeNyu dzanyaradzwa here? Ko—ko—ko hashu dzeNyu dzapera here, Ishe? Zvose zvapera here?” Uye akati, “Zvino, kana ndikaitumira kunze nguva ino, inogona kuzogara kunze uko kana mafashamu aserera, inogona kugara.” Asi akaitumira kunze nemunamato, zvino payakaenda kunze ikoko ichitungamirwa naMwari, yakatanha shizha remuorivhi kubva pamuti, uye ndokubhururuka ichidzoka ndokusvikijobora pahwindo zvakare.

<sup>97</sup> Mwari vakashandisa njiva sechiratidzo. Yakadzoka ichitaura kuti “mafashamu apera,” zvino Mwari vakazarura mukova, ivo ndokubuda kunze. NdiGenesi 8:8.

<sup>98</sup> Zvakare yakashandiswa munaMateo 3:16, zvakare apo hashu dzaMwari padzakanga dziri panyika. Uye pakanga pasina nzira, usiku hwakasvibisisa, pakati peusiku, makereke akanga aisa zvinhu mukati menyonganyonga zvokuti pakanga pachisina nzira yokubuda mazviri. Uye paiva nevadzidzisi venhema, mhando dzezvinhu zvose zvakasiyana-siyana zvakanga zviru kusimuka, kupupura kwakasiyana-siyana kwakanga kuri kusimuka, asi Mwari vakashandisa njiva zvakare. ZvakaVafadza, Mwanakomana waVo Jesu akanga aVafadza zvakanaka kwazvo, zvokuti VakaMuzivisa.

<sup>99</sup> Zvino, havana kugona kutenda kuti mwana uyu akazvarwa zasi uko mudanga muchidziro cheuswa. . . baba naamai vaKe vasati, sokufungidzirwa kwazvaitwa, varoorana. Havana kugona kufungidzira kuti Mwari vachishandisa chinhu chakadaro. Saka Aifanira kuziviswa kunyika; zvino zuva riya zasi murukova, paAkafamba achidzika kuti aratidze kuti Aive

Humhizha hwaMwari (hwandataura nezvaho mangwanani ano) . . . Apo Akateerera kufamba achipinda mumvura . . .

<sup>100</sup> Zvino, kana mukacherechedza ipapo, pane chidzidzo chikuru. Johane ndiye aive munhu mukuruwa panyika, panguva iyoyo. Jesu akati, “Hapana kumbova nemunhu akazvarwa nomudzimai aive mukuru saiye,” kusvika panguva iyoyo. Uye aive muporofita. Munozvitenda? Zvino, rangarirai, kana Shoko raMwari kune kwaringauya munyika, kunenge kuri kumuporofita. Ndiyo nzira yaMwari nguva dzose. Munotenda here kuti Jesu iShoko rakaratidzwa munyama? Saka panongori nenzira imwe chete yaAnogona kuuya nayo kuti aziviswe; kwete nevaprisita.

<sup>101</sup> Haana kuendako ndokuti, “Kaifasi, ungaNdizivisa kuvanhu?” Dai Akadaro, Akaita mhosho imwe chete yakaitwa naDhavhidhi muchidzidzo chedu pane rimwe ramazuva; munoono, dai Akaenda kucheche, uye oti, “MungaNdizivisewo here?”

<sup>102</sup> Ingocherechedzai kunyange, paAkazvarwa. PaAkazvarwa, Akazvarirwa muberevere rekereke. Uye zvichida vakanga vachitoridza mabhero nezvose, asi vakanga vari vafudzi vakaMucherechedza, neVachenjeri. Maona?

<sup>103</sup> Uye heUnoi ari pano zvino, pa . . . agadzirira shumiro yaKe. Zvino kana Ari Shoko . . .

<sup>104</sup> Maererano nezano guru raMwari, Shoko rinongogona bedzi . . . “Jehovha Mwari hapana chavanoita kunze kwekunge Vatotanga vaZvizarurira kuvaranda vaVo vaporofita.” Ndiwo agara ari maitiro Avo, zvinofanira kudaro; pakazarurwa zviSimbiso, nepane zvimwe zvose. Chiitiko chikuru chipi hacho chinoitika panyika, Mwari vanochozuarurira kuvaporofita vaVo.

<sup>105</sup> Uye Johane aiva muporofita, nokuti aiporofita “Achauya.”

<sup>106</sup> Zvino muzasi mechikomo pane rimwe zuva . . . apo hurukuro yakanga iri kuendeka, rimwe boka revaprisita rakanga rakamira ipapo. Uye vakati, “Uri kuedza kunditarurira kuti unozvidana kuti ‘muporofita,’ uye ugomira uko mumatope ayo?” (kwete mucheche, nokuti vakanga vasingamude imomo) “Wakamira mumatope ayo, uye wonditarurira kuti nguva iri kuuya apo iye Jehovha mukuru Akagadza zvipiriso izvi, iye Jehovha mukuru Akavaka tembere ino, Akauya mairi seShongwe yeMoto, ‘zuva richauya apo chipiriso chinopiswa nguva dzose chichabviswa?’”

<sup>107</sup> Akati, “Pachauya mumwe Murume, uye Ari pakati penyuru izvozvi (pamwe panhu kunze uko), uye Achabvisa chivi.” Muprisita akanga ari kukurukura naye nezvazvo.

<sup>108</sup> Johane akatarisa mudenga! Zvino, iye anombori chii? Muporofita! Zvino herinoi Shoko, hapo Shoko rinouya rakananga chaiko kumuporofita, mumvura chaimo. Johane akati, “Tarirai, Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika.

Heunoi uYo, ndiYe.” Jesu haana kana kumbotaura shoko rimwe, akanyatsofamba achipinda mumvura. Uye ndinogona kuona uko, akamira mumvura imomo (fungai nezvemutambo), vaviri vakurusa vati vambouya panyika: Mwari Shoko, nemuporofita waVo.

<sup>109</sup> Cherechedzai, Shoko rakauya kumuporofita mumwaka *uyu* wenyasha, mumvura (uh-huh). Ndafunga kuti munozvibata (uh-huh). Mumvura! Kuzarurwa kwekutanga kweShoko kwaiva mumvura. Zvino muri kuona pakatangira Mwenga, Mharidzo yechiedza cheMadedkwana? Mumvura! Shoko, Shoko rechokwadi risina kusanganiswa nezvitendwa, asi rakauya kumuporofita mumvura, kubudikidza nemvura.

<sup>110</sup> Cherechedzai! Mungafungidzire here meso eShoko nemeso emuporofita achisangana mumvura? O, izvi zvakandinyanyira. Hapo paive pakamira muporofita, hapo paiva pakamira Shoko, vakatarisana mumaziso. Uye muporofita akati, “Ndiri kufanira kubhabhatidzwa neMi, seiko Mauya kwandiri?”

<sup>111</sup> Zvino Shoko rakati . . . Zvinofanira kuva chokwadi.

Zvino regai ndimbopa mutambo pano:

<sup>112</sup> “Johane, uri muporofita, unoziva Shoko.” Maona? “WaNdiziva, unoziva kuti ndiNi ani.”

<sup>113</sup> “Ndini ndinofanira kubhabhatidzwa neMi,” Johane akadaro.

<sup>114</sup> Jesu akati, “Chirega hako zvakadaro zvino. Ndizvozvo chaizvo, unoda kuti Ndikubhabhatidze. Asi rangarira, Johane, nokuti uri muporofita, zvakafanira saizvozvo kwatiri, kana kuti zvakakodzera kwatiri (apo Shoko nemuporofita), kuti tizadzikise Shoko *rose*. Uh-huh. Nokuti, Johane,” (hechinoini chizaruro zvino) “Johane, unoziva kuti ndiNi Ani, ndiNi Chibairo. Uye maererano neShoko raMwari, chibairo chaifanira kugezwa chisati chaunzwa kuti chipiriswe.” Ndizvozvo here? Shoko. . . “Gwayana rakagezwa zvino ndokuzounzwa sechibairo, zvino ndiNi Gwayana racho. Uye Ndinofanira kugezwa ndisati Ndakwanisa kuunzwa kunyika kuti ndive chibairo. Rega zvive saizvozvo, Johane, nokuti zvakafanira kwatiri seShoko nemuporofita pamwe chete.”

<sup>115</sup> Saka, hapangambova nokukanganisa. Zvino, chimwe nechimwe chezvinhu izvi. . .

<sup>116</sup> Zvino, munoona, dai akanga asiri mamiriro iwaya, Johane angadai akangoitawo sezvatiri isu sesu; vanotaura kudaro, “Hongu, ndi—ndinoziva kuti ndiMi ani, Ishe.”

<sup>117</sup> “Zvakanaka,” Akadaro, “mirai zvishoma, ndiNi Shoko. Uh-huh. ‘Munhu haangarame nechingwa choga, asi neShoko *rose*.’ Evha akasiya rimwe chete uh-huh, asi unofanira kutora Shoko *rose*. Uye ndiNi Chibairo, uye Ndinofanira kugezwa ndisati Ndaunzwa. Asi zvawataura, Johane, ichokwadi.”

118 Johane ari muporofita, achiziva kuti Shoko rinofanira kuzadzikiswa, akatendera ndokuMubhabhatidza. Zvino paAkasimudzwa achibuda mumvura, ipapo pakauya Shoko kubva Kudenga riri pamapapiro eNjiva, “Uyu Mwanakomana waNgu anodikanwa.” Vakatumira Shoko renyasha rerudzikinuro pamapapiro eNjiva, yakauya ichibhururuka ichidzika kubva kumatenga. “Rugare panyika, rombo rakanaka kuvanhu.” Chibairo chakanga chagadzirira pakare ipapo; chakanga chakudzwa, chapiwa chokudya, shumiro yaKe yakanga yagadzirira, Shoko ranga richizodzikinura nyika yose, “Zvaper!”

119 Njiva inoshandiswa muBhaibheri semucherechedzo werugare, uyezve inoshandiswa nendudzi semucherechedzo werugare. Tine marudzi...Nyika yedu inomiririrwa nechapungu. Uye pane dzimwe shiri dzedzimwe nyika, Rome ine chapungu, Germany ine chapungu; dzakawanda dzacho, shiri huru dzemuchadenga. Asi kwadziri dzose, njiva inomiririra rugare munyika dzose. Chinhu chepasi rose.

120 Sezvakataurwa neHama Green pane umwe usiku, Hama Pearry Green vakati, “Mucherechedzo wekusarenda ‘kusimudza maoko ako.’ Ingava nyika ipi zvayo, kusimudza maoko ako, kuzvipira.” Vakati, “Paunoimba, wakasimudza maoko ako, unozvipira zvose.”

121 Zvino njiva mucherechedzo werugare munyika dzose. Sei zvichiitwa? Nokuda kwehunyororo hwayo, uye nokuda kwekushairwa kwayo mhaka. Ndicho chikonzero iri mucherechedzo werugare.

122 Chimwe chinhu pamusoro penjiva, ishiri inoda zvokugara kumba. Inoda kugara kumba.

123 Uye chimwe chinhu zvairi, yakatendeka nguva dzose kune mudiwa wayo. Njiva, hono kana hadzi, hadzife dzakasiyana. Hadzi iyi inowana hono yayo mumwaka wekusangana. Munoono, zvinofambirana nekusika kwaMwari kukuru. Ndicho chikonzero Vakagadzira Evha ari chinhu chakagadzirwa kubva pane chimwe. Maona? Dai akagadzirwa sedzimwe hadzi, kana nguva yake yakwana nguva yekusangana, aitsvaka murume wake; asi anokwanisa chero ipi zvayo nguva. Maona? Uye ndiyo nzira yacho, ndizvo zvazviri. Ndinongo... Hatidi kupinda mune izvozvo, nokuti ndinazvo mune *Kuroorana NeKurambana*, nezvimwe zvakadaro. Uye kuti... Asi zvakadaro anoremekedzwa uye nokuunza simba racho, uye munoziva maparidziro andakazviita pane umwe usiku hwakapfuura. Zvakanaka, cherechedzai, ane mutoro mukuru webasa.

124 Asi njiva inogara nguva dzose yakatendeka kune mudiwa wayo. Nguva dzose! Haife yakamusiya.

125 Uye regai ndimbomira pano zvishoma, kuti nditaure izvi: Mwenga wechokwadi, njiva hadzi, akatendeka kuChikomba

chakewo, zvakare. Haaise zvimwe zvitendwa, chero dzidziso dziipi dzemasangano, chero chinhu chipi chemunyika. Anogara akatendeka kuChikomba chake, Shoko; kutendeka nguva dzose.

<sup>126</sup> Uye nemaitiro aya ekuda kunge iri kumba, nemaitiro ekuda kunge iri kumba, yakashandiswa zvakabudirira semutakuri wetsamba. Nokuti inoda zvekumba, ukairegedza chero kupi zvako, inodzokera kumba nguva dzose. Inodzokera kumba.

<sup>127</sup> Tinoda kunyatsosimbisa pane izvozvo kwechinguvana, uye imi Makristu munonzwisisa zvandiri kureva. Nguva dzose inowana nzira yayo yokudzokera kumba, saka nokudaro yaishandiswa sehangaiva inotakura tsamba. Inoshandiswa munguva dzhondo, yaidaro; vachiri kudzishandisa, hangaiwa dzinotakura mashoko. Saka munoono zvino, zvinoita kuti njiva, zvole naMwari nemunhu, mutumwa; njiva mutumwa. Yakanga iri mutumwa kunaNoa, kutaurira Noa kuti “kwava nerugare zvakare.” Yakashandiswa naMwari kusimbisa kuti uyu aive Mwanakomana waVo, “Chibairo chokuunza rugare panyika nerombo rakanaka kuvanhu.” Yaishandiswa senhume.

<sup>128</sup> Ipo pano ndine nyaya duku mupfungwa yangu, yandakaverenga pane imwe nguva kubva mune rimwe bhuku. Zvino, handidi kutaura kuti iyi ndeyechokwadi, inogona kunge iri mu *Kupera Kwehondo Yekutanga Yepasi Rose*. Handina chokwadi chizere nezvazvo zvino; kana mukatadza kuzviona, zvino ndakanganisa. Zvichida ndakaiverenga mune rimwe bhuku. . . . ava makore akawanda apfuura. Asi yaive zvirokwasvo chimwe—chimwe. . . zvirokwasvo chimwe—chimwe chinhu chinoshamisa chakaitika.

<sup>129</sup> Masoja ekuAmerica akanga aiswa pakamanikana vachiridzirwa zvigwagwagwa zvemaGerimani, uye vakanga vari mune raiita kunge gomba. Imi masoja, ndinofungidzira, munonzwisisa avo vakambenge vari vatsori pane imwe nzvimbo. Zvino vakanga vaiswa pakamanikana, uye vakanga vasarirwa nemabara mashoma. Zvino maGerimani akanga ari kuuya ari muzvikwata zve masoja akawanda, achiuya kubva mativi ose. Zvino vaiziva kuti kunze kwekunge vawanawo vamwe vanovabatsira, rumwe rubatsiro, kuti nenguva shoma vose vaizofa; (vaitofanira) maGerimani achiuya achibhururuka kubva mugomo, akanyatsovatarisa, ari kunyatsoenda kwavari saizvozvo.

<sup>130</sup> Zvino mumwe wavo akarangarira kuti akanga aine kamutumwa, hangaiwa duku. Saka aiziva kuti hangaiwa iyi, kana ikagona kubuda ipapo, yaizotakura shoko kumuzinda mukuru kwavainge vachishandira. Saka vakagara pasi ndokunyora karugwaro, “Tiri pakamanikana pane *imwe* nzvimbo mune *imwe* nharaunda. Hatichisina mabara, mumaawa mashoma tinege tasarenda kana kuti tichauriwa.” Zvino

vakaibairira, kana kuti vakaisungirira pa—pagumbo renjiva duku iyi ndokuirega ichienda.

<sup>131</sup> Zvino, ishiri inoda zvokugara kumba, saka iyo...chii chainoita? Inodzokera kumba kune wayo...kusangana, yowana mudiwa wayo. Hadzi yakanga yave kutonetsekera hono yayo, aifanira kutodzoka kumba.

<sup>132</sup> Zvino payakanga yava kukwira mudenga, maJerimani akaona zvakanga zvaitika. Saka chinhu chavakaita, vakatanga kupfura njiva iyi. Mumwe wavo akaipfura nechigwagwa chemuromo we.30, kana kuti mbumburu, ikaityora gumbo rayo. Imwe ikabvarura nhindi huru kubva kumusana wayo. Chipfuva chayo chakakuvadzwa. Rimwe remapapiro ayo rakaremadzwa, rapfurwa ndokukwachuka chidimbu chekumagumo aro, zvino yakabhururuka nedivi. Asi yakaramba ichikwira mudenga, zvino pakupedzisira ndokusvika. Yaremadzwa, yakuvadzwa, yakatyoka, yakuzvurwa, asi yakawira mumusasa neshoko. Yakanga iri njiva huru.

<sup>133</sup> Asi, o, hama, Isaya 53 inotitaurira pamusoro peMumwe, akauya kubva Kumba uye zvose izvozvi zvakanga zvakana.

*Uye akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu,  
wakarwadziwa nokuda kwezvakaipa zvedu: kurohwa  
kwakatiigira rugare kwakanga kuri pamusoro pake;  
uye takaporeswa nemavanga ake.*

<sup>134</sup> Hurwere, kutenda zvemweya-mweya, nemadhimoni zvakanga zvakatimanikidzira pasi, pakanga pasina nzira yokubuda nayo, kereke yakanga yadarika, vakanga vave kutevera zvinhu zveasangano (uye vaFarise, vaSadhuse, nezvekugeza mapoto nemapani), uye Shoko raMwari rakashaya simba. Asi Njiva duku iyi yakaburuka pasi, uye paiva nechinhu chimwe chete chaigona kuitika: paifanira kuva nemudzikinuri.

<sup>135</sup> Asi nokuda kwekukuvadzwa, kutyorwa, kurohwa, kubvarurwa, asi Akaziva nzira yaKe yokudzokera Kumba. Saka kubva pamuchinjikwa weKarivhari apo pavakaMukuzvura, nokuMukuvadza, kuMubvarura, seboka remhumhi paAri, iYe Akabhururuka achibva paKarivhari iYe ndokusvikomhara pamikova yeDenga, achiti, “Zvaperera! Zvaperera! Vasununguka! Zvirwere zvinogona kupodzwa zvino! Vatadzi vanogona kuponeswa! Nhapwa dzinogona kusunungurwa!”

<sup>136</sup> Kunyange Akakuzvurwa nekukuvadzwa, hondo huru iya ipapo pokuti zvinhu zvose zvaipesana naYe...Kunyange nyanduri akadanidzira:

Pakati pematombo aitsemuka nematenga  
akange osviba,  
Muponesi wangu akakotamisa musoro waKe  
ndokufa;  
Asi chidzitiro chakazaruka chakazarura nzira  
Yekumufaro weDenga nezuva risina magumo.

<sup>137</sup> Ndanga ndiri munhu anohuta-huta hupenyu hwangu hwese. Semukomana muduku pane chimwe chinhu chakandirova, chakandivhundutsa, pamakore manomwe oga-oga zvaiitika kwandiri. Hama Jack vanorangarira pandakatanga, ndakabva kumunda wekuvhangerwa kwegore; pane chimwe chinhu chakangoitika.

<sup>138</sup> Ndinorangarira zuva iro Juanita Hemphill...Ndinofunga kuti zita rake ndiJuanita Kelly zvino, akaroorwa neHama Kelly mushure mokufa kwemurume wake. Anna Jeanne, ndine mifananidzo yavo nezvimwe, vakanga vakanyatso...Uye iye... Uye vasikana vaviri ava neHanzvadzi Moore vakanga vaine bo—boka ravo duku revaimbi vatatu. Vakaimba chimbo chiya chandisingafe ndakakanganwa: *Kutarisa Seri Kwemavirazuva*. Hama Jack, munorangarira, ndinofungidzira, kuuya kubva kuFlorida. Vaive vasikana vaduku vakanaka kwazvo.

<sup>139</sup> Uye ndinorangarira mangwanani aya rimwe boka duku rechiPentekosti raibva kumusoro kuno kunharaunda dzekuchamhembe kwenyika, muMichigan kumwewo, vasikana ivavo vakamira ikoko apo Hama Hooper...Ndakavaona pano pane umwe usiku, ini...vanogona kunge vasiri pano zvino, Hama Ed Hooper. Muri pano here, Hama Ed? Handifunge kuti vari...Vakagara pano pane umwe usiku. Hapana... Vazhinji venyu munovaziva. Ivo neni, neHama Hooley, takanga tave kuenda. Zvino vasikana ivavo vakamira ipapo pakona vachichiimba, vakatipa, mumwe nomumwe, ruva rerhozi reyero ravakabvisa mubvudzi ravo. (Ndiko uko kwakapodzwa mupengo uya zasi ikoko, zvinhu zvikuru zvakanga zvaitika.)

<sup>140</sup> Ndaiuya ndichikwira nemugwagwa ndichingofara sokukwanisa kwandaigona, pakarepo chakandirova; gore rakatevera ndisati ndapinda mumunda wekuvhangerwa zvakare, chakangondiraya.

<sup>141</sup> Kubvira ndiri mukomana muduku, ndaigara nguva dzose ndichiti handizive kuti chiratidzo chaive chii. Mukomana muduku, ndaigara ndichiti, “Kana ndi—kana ndikagona kuwira mune zvionwa zviya, ndozviona, ndinozopora.” Panguva iyoyo...Ndaigara nguva dzose ndichida kuenda kwaMayo kuti ndinoona kuti chaive chii chakakanganisika. Vanachiremba ikoko...

<sup>142</sup> Mudumbu mangu munovava; uye o, ini zvangu! Hama Jack vaineidibatsira ndiri kumba. Ndaifamba kuenda seri kweimba; zvino paiva nezvimafuta zvainge mvura zvaipisa, zvaibuda kubva mukana mangu. Zvino ndofamba ndichienda kupurupiti, ndonamatira vanhu vaive muchinhano chaidarika ichi zvakaipetwa kaviri, vobva vapura. Ndakavaita kuti vaise maoko angu pamusoro pemunhu aiva nekenza kumeso kwake, zvino kenza yakabva kumeso kwake, takamira ipapo; uye ndairwara zvikuru ndisingakwanise kumira.

143 Zvino hamuzive chandakarwara nacho; kwaingori kunetseka mupfungwa. Makore manomwe oga-oga kwaiuya, hupenyu hwangu hwese. Ndipo pandiri zvino, manomwe echisere.

144 Saka ndaka—ndakanetseka zvikuru; ndakachema, ndakakumbirisa, ndakadembetera.

145 Uye ndinorangarira pakupedzisira pandakafunga kuti ndakanga ndava nemari yakakwana kuti ndiende kwaMayo kuti ndinoongororwa; vakati, “Vachaona kuti dambudziko rako nderei.” Mudzimai neni, naBecky ari kumashure uko. . . Sarah akanga ari kamunhu, kaduku. Ndainge ndichangopinda mushumiro yangu yekupodzwa kwevarwere. Zvino takaenda kwaMayo.

146 Ndakapinda nemukiriniki. Zvino usiku hwakanga hwapfuura ndakawana. . . ndakazova neokupedzisira angu mangwanani akatevera, ndakangomuka uye ndakanga ndakagara ipapo pamubhedha ndichitarisa kwese-kwese. Zvino ndakatarisa panze pamberi pangu, zvino pakanga paine kamukomana kaduku, kainyatsoratidzika seni, kaiva nemakore anenge manomwe okuberekwa; uye ndokukatarisa, zvino akanga *ari* ini. Uye akanga akamira pahunde yemuti wakare. Zvino pamuti uyu. . .

147 Chero ani wenyu imi vavhimi vetsindi munoziva kuti unokwanisa kukwiza nechimuti uchikwira nokudzika pamuti saizvozvi, uye zvinovhundutsa tsindi nokuiita kuti imhanyire kunze kana iri mumhango.

148 Zvino ndakanga ndiri kuona ipapo pakambenge paine tsindi iyi, zvino ndakafunga, “Imhandoiko yetsindi iyo?” zvino ndakaukwiza. Zvino pandakadaro, ndakatarisa ikoko zvino akanga ari ini ipapo ndine makore anenge makumi matatu nemasere okuberekwa, mukomana muduku akanga aenda. Saka ndakakwiza bazi iri, zvino kubva mudanda rine mhango, bango, makabuda katsindi kaiva kakareba kuda *sezvizi*, kakasviba, kunge katema, uye zvairatidzika setumasaisai tuduku twaibhururuka twuchibva pairi; maziso maduku anenge chuma, chinhu chinoratidzika kuve neutsinye hunodarika zvose chandati ndamboona, chairatidzika sembiti kudarika zvachingava setsindi.

149 Zvino yakanyatsonditarisa. Zvino ndakazarura muromo wangu kuti nditi, “Zvakanaka. . .” Zvino pandakadaro, iyo. . . Usati watombobwaira, yakabhururukira mukanwa mangu chaimo, ndokudzika mudumbu mangu, uye ichindibvarura kuita zvidimbu-zvidimbu. Uye pandakabuda muchiratidzo, ndakasimudza maoko angu, ndakatarisa, ndakadanidzira, “O Mwari, ivaiwo nengoni! Iri kundiuraya!”

150 Ndakanzwa Inzwi zasi-zasi mukamuri iyi, richiti, “Rangarira, yakangoreba mainchi matanhatu bedzi.”



151 Vangani vakanzwa nyaya iyi? Ndakakutaurirai izvozvo nguva dzakawanda, kuvanhu vanouya kutabhenakeri.

152 Saka, zvakaramba zvichenderera mberi, ndichitambura zvakangodaro.

153 Mayo Brothers, zuva rakatevera, vakandiongorora. Ndokuti, “Baba venyu vakanga vari muIrish, vainwa doro. Amai venyu nokuda kwekuti chikamu chavo chepakati vaiva muIndia, zvinokuita iwe musanganiswa nepakati. Saka uchange. . . uri—uri—ungori munhu anohuta-huta zvakanyanya zvokuti haufe wakabuda mazviri.” Ndokuti, “Zvisinei, une hutano. Asi izvi, zvinhu zviri mumunhu wemukati izvo zvisina munhu anogona kuwana zvokuita pamusoro pazvo.” Ndokuti, “Uchange. . .” Akati, “Kana munhu achinge afa, hatikwanise kuongorora chitunha kutsvaka honzero yerufu, nokuti munhu wake wemukati anenge aenda.” Akati, “Saka, hazvisi kuzopera pauri.”

154 Zvino muchinda uyu akati, chiremba wangu wakare, akati, “Baba vangu vakanga vainazvo, vakafa vave nemakore kuda makumi masere nemashanu, makumi mapfumbamwe okuberekwa,” zvakada kudaro, akadaro. Uye ndokuti, “Mwedzi mumwe kana miviri vasati vafa, ndakavaongorora; vakava nazvo hupenyu hwavo hwose, zvaivabata” achiti, “hurwere hunongoerekana hwakubata.”

155 “Vamwe vanhu,” akadaro, “vakazviwana, vanoita hashha kwazvo”; ndokuti, “ndiyo mhando inokuuraya.” Akati, “Imwe mhando, semadzimai asvika panguva yokuguma kubereka, vanochemba. Une mhando yakaita sokunge manzwiro ekungoneta.” Akati, “Vanhu vakare vaizvidana kuti ‘kuva wakafizuka,’ hazvaivasiya.” Ndokuti, “Kana zvichinge zvakurova, mudumbu mako munovava; unenge wakangosuwa.”

156 Ndakati, “Asi, changamire, hapana zvandinoita.” Ndikati, “Ndiri kufara.”

157 Ndokuti, “Ndizvozvo chaizvo. Zvakangobva mubhegi remunhu rembatya.” Ndokuti, “Uchagara nguva dzose uinazvo.” O, chinhu chinowodza moyo zvakadini!

158 Asi mashoko, kuzvifunga, “Rangarira, yakangoreba mainchi matanhatu bedzi,” izvozvo zvagara neni, sezvo mudzimai wangu anodikanwa ari kumashure uko anokwanisa kukuudzai. Gore negore, ndakafunga nezvazvo.

159 Uye zvadaro, ndichienda mhiri kwemakungwa panguva ino pandakapedzisira, ndakanga. . . ndisati. Zvakanaka, ndakanga ndadzoka kumba, uye ndakanga ndiri parwendo rwekunovhima tsindi. Ndakasvetukira kunze kwemotokari ndiina Hama Banks Wood, uyo ari kuteerera kuno manheru ano, zvino ndakatanga kumhanya ndichikwira chikomo, uye zvikaite sokunge moyo wangu wakanga wosvetuka uchibuda mandiri.

160 Zvino ndakabvunza Chiremba Sam Adair, ndikati, “Chii chinokonzera izvozvo?”

161 Iye akati, “Nguva inotevera pazvinokubata, torwa cardiogram.”

162 Ndokuti, “Zvakanaka.”

163 Saka zvakaitika zvakare mu—mugore rakatevera, zvino ndokuenda kunoongororwa moyo nemuchina wecardiogram. Akati, “Hapana chakaipa pamoyo wako,” ndokuti, “unongohuta-huta.” Ndokutanga kuuya zvino.

164 Saka, mumwe chiremba akati kwandiri, imwe shamwari yangu yakanaka, akati, “Moyo wako, mukomana,” ndokuti “ingongwarira.” Ndiro gore randakafonera Hama Moore zvino vakawana mumwe munhu kuti aparidze panzvimbo yangu, pandakaenda kunovhima gondohwe neHama Fred. Ndaikwira kuenda pamusoro pemakomo sezvandaiita ndiine makore gumi nematanhatu okuberekwa, maera nemaera, ndichimhanya; hazvina kana kumbondinetsa nepaduku pose. Maona?

165 Ndakadzoka ndokuudza Sam. Iye akati, “Saka, pane chimwe chinhu chakakanganisika, ingongwarira.”

166 Zvino ndakaona chiratidzo chemumwe chiremba mutana akamira aine ayo . . . chiremba wechinyakare aine mastethoscope pamusoro peruoko rwake. Akati . . . Akanga akamira pamberi pangu rimwe zuva, akati, “Usavarega vachikuudza kuti ‘moyo wako,’ mudumbu mako.”

167 Saka, nda—ndakafunga, “Zvakanaka, ndichangotora shoko iroro, nokuti chakanga chiri chiratidzo. Chakauya.”

168 Ndakatanga kuenda kuAfrica; ndokubaiwa majekiseni. Ndaifanira kubaiwa majekiseni akawanda ndisati ndaenda kuAfrica, ndiwo mutemo wacho. Saka, pandakanga ndiri kubaiwa majekiseni aya, akati, “Ko, handisi kumbowana chinhu chimwe chete chiri kukunetsa.” Ndokuti, “Zvizenga zvako zvitsvuku zveropa, ropa rako riri ninety-six, riri ninety-six.” Ndokuti, “Dai wanga uine makore gumi nematanhatu okuberekwa, haraimbova—haraimbova zviri nani.” Uye ndokuti, “Rakaoma zvakakwana kuti udarike zana remakore. Mapapu, zvinhu zvose,” ndokuti, “hauna dambudziko; hauna shuga, hapana.”

169 Ndikati, “Maita henyu.” Saka ndakaongororwa muviri wangu, ne—nekutora gwaro rangu—rangu rehutano kubhodhi.

170 Saka, akati, “Pane chaunoziva here nezvazvo?”

171 Ndikati, “Hapana kunze kwekuvava kusingaperi mudumbu nguva dzose.”

172 Akati, “Zvakanaka, ndichakuudza.” Akati . . .

173 Ndikati, “O, ndakamboongororwa. Ndakamboenda kwaMayo Brothers, nekumwe kwese.”

174 Iye ndokuti, “Asi mira zvishoma.” Ndokuti, “Dzimwe nguva ronda remudumbu rinogona kunge riri duku zvokuti mushonga webarium hauriratidze; uye dzimwe nguva rinenge rakakurisa zvokuti hauriratidze, nokuti x-ray unongori mumvuri. Zvino karonda kemudumbu kaduku, haukwanise kukaona, haubatifire zvakakwana. Maronda emudumbu maduku akawanda anogona kudaro.” Akati, “Ndinoziva mumwe chiremba mutana kumusoro kuno uku akawana mumwe muchina, vanawo zvino; vanogona kukukotsirisa zvishoma nesodium pentothal, voisa chubhu muhuro yako, zvino vanonyatsotarisa zasi mudumbu mako zvino voona kuti chii chakakanganisika.” Ndokuti, “Iye. . .” Ndokuti, “Iyeye imhando yevanhu vako, iyeye Mukristu.” Ndokuti, “Wadini waenda kunomuona.”

175 Ndakatora zita rake: Chiremba Van Ravensworth. Saka, pandakadzoka, ndakaendako kunoona chiremba uyu mutana. O, murume mutana akaisvonaka kwazvo anobva kuDutch East Indies, achibva muboka guru remamishinari. Uye akanga anzwa nezvangu uye akanga averenga bhuku rangu, uye o, akangokwazisa ruwoko rwangu, akati, “Hama Branham, ndingafara kukuitirai izvozvo.” Akati, “Regai ndikuudzei zvokuita; svondo rinouya mhanyirai kuchipatara chiri kuno,” uye ndokuti, “zvino mundifonere musati maenda.” Zvino ndokuti, “Ndinofanira kukubayai jekiseni duku repentothal.” Uye ndokuti, “Zvino pandinodaro,” akati, “rinokukotsirisai kwemaminitisi mashanu.”

176 Musikana wangu muduku anga achangobva mukuitora kuti adzurwe zino, nemusikana muduku weHama Norman. “Kukotsira kwemaminitisi mashanu,” ndakafunga, “izvozvo hazvingandinetsi.” Saka, ndakafunga ndinobva ndagutsikana zvino, kumutarisa.

177 Zvino mangwanani akatevera, ndakamuka pamubhedha ndokutarisa kwese-kwese, ndakatarisa pamubhedha wechipiri; mudzimai wangu ikoko, akanga asati amuka. Zvino ndakanga ndakatarisa panze nepahwindo kune maCatalina Mountains makuru uko kwandinogara, uye ndakatarisa kumusoro ikoko uko Mutumwa waJehovha akaisa Munondo uya muruwoko rwangu, uko Ngirozi nomwe dzamunoona mumufananidzo dzakaonekwa, zvinhu zvikuru zvakaitika.

178 Zvino ndakatarisa, zvino pandakatarisa, ndini uyo ndaive ndakamira pamuti uya zvakare, chaipo paive netsindi iya. Ndakatarisa kumusoro ikoko, ndikafunga, “Ndiyo mhango inogara tsindi iya.” Uye ndakafunga, “Handizive kana ichirimo kumusoro ikoko?” muchiratidzo. Ndakakwiza padivi remuti, iyo ndokubva yabuda kunze. Zvino ndisati ndatombokwanisa kubwaira ziso rangu. . . Yaiva tsindi isinganzwisisike yandati ndamboona; zvino, unotofanira kuziva shumiro yangu kuti uzive mifananidzo iyi nezvinhu. Yakandisvetukira asi yakandipotsa;

yakapotsa muromo wangu, ndokurovera pachipfuva changu ndokuwira pasi.

<sup>179</sup> Zvino payakangodaro, ndakanzwa chimwe Chinhu chakati, “Enda kumaCatalina Mountains.”

<sup>180</sup> Saka ndakatendeuka, ndikati, “Meda, wakasvinura here, Mudiwa?” Zvino ndakamumutsa.

<sup>181</sup> Akati, “Chii chanetsa?” Dzaiita sokunge five o'clock dzemangwanani.

<sup>182</sup> Ndakati, “Ndanga ndakatarisa kunze kuno uku, zvino ndaona tsindi iya zvakare, Mudiwa.”

<sup>183</sup> “Tsindi ipi?”

<sup>184</sup> Ndikati, “Iya yandakaona kumusoro uko kwaMayo.” Ndikati, “Unozivei? Yapotsa muromo wangu panguva ino, haina kundirova, yaenda pachipfuva pangu.” Ndikati, “Mwari ngaVarumbidzwe! Ndakatarisa, o, kubvira ndiri mukomana muduku, ndaishuvira kuona zvakadai zvichiitika. Dai ndaigona kuzviona zvichiitika, hapana kana... Ndisati ndaziva kuti chiratidzo chaivei, dai ndagona kuona zvichiitika, zvadaro ndakati, ‘Ndichange ndapora. Chingava chiri chii chakandiudza, ndizvo zvandichange ndave.’ Zvino kwemakore makumi mana ndanga ndichizvitsvaga, zvino hezvoka izvo zvaitika.”

<sup>185</sup> Kumashure, pandakanga ndiri kwaMayo, panguva imwe chete pavakandipa shoko riya, zvino ndakaona chiratidzo...

<sup>186</sup> Amai vangu vakaenda muKubwinya zvino, mudzimai akanga asinganzwisike. Vakava kuda nezviroto zvitatu kana zvina muhupenyu hwavo, uye zvaigara nguva dzose zviri zvechokwadi. Vainditaurira, uye va... Vaitanga kunditaurira, ndaitaura... Ndaiti, “Mirai pakare... Amai, ndichakuudzai zvimwe zvacho zvasara.” Maona?

<sup>187</sup> Nokuti nguva dzose kana ukandipa hope dzekuti ndidudzire, haunditaurire nguva dzose chaizvo zvazviri. Zvino kana ndichinge ndadziona zvakare, ndinoona chaizvo zvawakarota pamusoro pazvo, zvadaro Anondiudza zvazviri. Maona? Hausungirwe kunditaurira kuti chii chawarota, Anondiratidza chiroto pachaKe. Maona? Zvadaro ndinozoono, ndoti, “Zvakanaka, hauna kunditaurira *zvakati* uye nekunditaurira *zvokuti*.” Maona? Uye saka Mwari vanogona kududzira hope, vanokwanisa kuratidza chiroto; Vanokwanisa kuchiratidza, Vanokwanisa kuchidudzira. Uye saka zvadaro...

<sup>188</sup> Zvakanaka, pakanga pasina here chimwe chinhu chakadaro muBhaibheri, zvakanzi, “Kana mukakwanisa...”? Ini—ini... Zvangouya kwandiri. Dhanieri, handiye? Kwete, Josefa—Josefa. Zvakanaka, pane pamwe pazviri muBhaibheri. Ndangozvirangarira, zvakanzi, “Kana mukagona kundiratidza... Kana mukagona kundiudza zviri...” O,

ndiMambo Nebhukadnezari, ndizvozvo chaizvo. Akati, “Kana mukagona . . . Kana mukatadza . . .”

189 N’anga dzakati, “Ndiudzei chiroti.”

190 Iye akati, “Chabva pandiri.” Ndizvo chaizvo, izvozvo, ndinozviringarira; ndangozvifunga iye zvino.

191 Uye cherechedzai. Zvino Amai, vakati, “Billy,” pandakanga ndadzoka, vakati, “huya pano, mwanakomana, ugare pasi.” Vakati, “Ndakava nechiroto chisinganzwisike. Ndakarota ndichikuona wakarara uchirwara, wave kutoda kufa, nemudumbu mako samazuva ose.” Zvikafu zvingani zvavakandibikira! Zvino vakati, “Wakanga uri kuvaka imba pamusoro pechikomo.” Uye ndokuti, “Ndakaona njiva nhanhatu chena dzakaburuka kubva kudenga, dzichichema, muchimiro chevara ‘S’ zvino dzakagara pachipfuva chako. Zvino wakanga wakatarisa, uye iyo yaive mberi yakanga iri kuedza kukutaurira chimwe chinhu.” Ndokuti, “Dzaive njiva, dzainyatsobwinya, chena. Zvino dzakatora misoro yadzo miduku ndokuiisa padama rako, uye dzichiti, ‘kuu, kuu, kuu.’” Uye ndokuti, “Handina kugona kuzvinzwisisa.” Ndokuti, “Dzakangoramba dzichiti, ‘kuu, kuu, kuu.’”

192 Ndakati, “O, ndazviona, Ishe ngavarumbidzwe!” Uye ndokuti, “Dzakagadzira vara radzo ‘S’ zvakare ndokudzokera dzichikwira kumatenga, dzichiti ‘kuu, kuu, kuu, kuu,’ dzichidzokera kumba.”

193 Zvakanaka, kamhuka kaduku kandakaona kaive kakareba mainchi matanhatu. Rundaza rwenjiva dzakaonekwa naAmai dzaive nhanhatu, nhanhatu hadzina kukwana. Ndaiziva kuti rimwe zuva ndaizoono yechinomwe yacho. Akanga ari munhu, achitambura; saka zvakaenderera mberi zvakadaro.

194 Mangwanani iwayo, ndakamuka mushure mokunge ndaona chiratidzo ichi; ndakateerera Ishe. Ndakaendesa mukomana wangu muduku, Joseph, kuchikoro. Ari kunditeerera iye zvino, kuTucson. Ndakamuendesa kuchikoro, uye ndokuudza Meda ndakanga ndisiri kuziva nguva dzandaizodzoka.

195 Zvino ndakaenda kumusoro muCatalina, kumusoro muzvi—zvikomo zvemujinga, uye—uye ndokuenda panzvimbo iyo Mutumwa waJehovha akaisa Munondo muruwoko rwangu. Achiri mangwanani chaiwo; zvino ndokutanga kukwira gomo.

196 Zvakanaka, panzvimbo yokuenda kumusoro panhongony’n’a nenzira *iyi* (ikoko kune nyoka dzakawanda, nemarize, munoziva zviriri Arizona), ndakatsaukira kurudyi rwangu; Chimwe chinhu chakati, “Tsaukira kurudyi rwako.” Ndakaenda kumusoro panhongony’n’a; ndakapoterera, zvino ndakanga ndichipoterera mazitombo makuru aya, makuru zvakadarika tabhenakeri ino kakawanda, ari kumusoro ikoko kwekuti hakuna kana munhu angakwanisa kukusvika.

<sup>197</sup> Zvino dzave sedzingaita kuma eleven o'clock, ndakanga ndiri kupinda mune imwe nzvimbo duku, seri uko kune... nzvimbo duku yakaita sezvizi nepane muhwezva wenondo. Uye ndakanga ndakakumura shati yangu, nguواني yangu iri muruoko, nokuti ndakanga ndiri kungotota nedikita. Saka ndakatsaukira imomo, zvino pandakanga ndave kutsaukira munzvimbo duku iyi, ndakanzwa hupo hwaShe. Ndakabvisa nguواني yangu ndokutarisa-tarisa. Ndakafunga, "Ari pano pane imwe nzvimbo. Ndinoziva kuti Ari pano." Ndakafunga, "Chii?" Ndakafamba dzimwezve nhano shoma. Ndakati, "Ishe, Muri pano pane imwe nzvimbo."

<sup>198</sup> Zvino ndikatarisa paive pakarara munzira, uye hepanoi paive pakarara tsindi iya duku; yakanga yasvetukira chimwe chinhu zvino ndokuchipotisa, zvino yakarovera pachibutwa cheminzwa (madhorofio). Yakabaiwa mumusoro, chipfuva, dumbu, zvino yakanga yafa. Tsindi iya yairatidzika zvisinganzwisike, yakanga yapotsa muromo wangu ndokurovera paminzwa iyi. Zvino Inzwi raShe rakati, "Mhandu yako yafa." Ndakamira ipapo, uye ndakadedera. Ndakatora tsoka yangu ndokuku-...

<sup>199</sup> Kazhinji makunguwo angadai akaidya. Ndakauraya nyoka, mazuva mashoma akatevedzana naizvozvi, yakagara munzira kuda kwehafu yeawa. Panogara nguva dzose paine zvapungu nemakunguwo zvinobhururuka neikoko, zvino dzinoinhonga pakare ipapo. Ndakauraya nyamafingu, ndiyo nyoka yakaipisisa yatinayo; yakanga yakarara padivi pangu, mazuva mashoma mushure maizvozvo. Ndakatanga kudzoka kuti ndiitore kuti ndiiratidze, makunguwo akanga atoitara, masavara achipfuura nepo.

<sup>200</sup> Zvino iyi yakanga iri ipapo kubvira pandakaona chiratidzo, mazuva maviri ekumashure; ndinotenda kuti waive Mugovera, zvino ndakaenda kumusoro ikoko neMuvhuro. Saka heinoyi, yakarara ipapo yakafa. Ndakanyatsoikuya netsoka yangu.

<sup>201</sup> Ndakadzokera ikoko, ndokugara pasi zvakare; ndokugara ipapo ndokuchema kwechinguva, nokunamata; ndakatarisa pasi pamusoro peTucson, mamaera zasi kwangu.

<sup>202</sup> Ndakatendeuka ndokudzoka, yakanga ichiri ipapo. Pandakapinda panzvimbo iya Mweya waMwari wakauya pandiri zvakare.

<sup>203</sup> Ndakapoterera nekuseri, ndokudzika negomo. Ndakapinda ndokuudza mudzimai wangu, ndikati, "Mudiwa, handizive kuti sei, asi ndave kuzopora pane izvi."

<sup>204</sup> Chiremba Ravensworth, pavakandiongorora, vakati, "Hazvitombokwanisike kuti ugopora." Vakandibaya jekiseni repentothal raifanira kupera mushure memaminitsi mashanu, zvino ndakarara maawa gumi. Saka zvinhu izvi, kunyange aspirini rinotondivatisa. Saka ivo...Vakandibaya jekiseni,

ndokupfekera chubhu iya muhuro mangu. Pandakapepuka, zvino vakandiudza mangwanani akatevera, vakati, “Mufundisi, handifarire kukuudzai izvi, asi” ndokuti “madziro edumbu renyu akanyatsoomarara, akaoma chaizvo.” Handisati ndakambozviona; akashandisa zita rokuti *gastritis*, uye ndakaenda kunoritarisa muduramazwi uye zvikanzi, “chimwe chinhu chinenge chaputana.” Uye ndokuti, “Haufe wakapora kwazviri.” Akati, “Uchagara uinazvo.” Zvino ndingadai ndaive mukomana akawodzwa moyo dai chakanga chisiri hacho chiratidzo chaShe.

<sup>205</sup> Zvino zuva rakatevera Chimwe chinhu chakati, “Dzokera kugomo.”

<sup>206</sup> Zvino zuva iroro panzvimbo yekuenda nenzira imwe chete, ndakatungamirirwa kuenda neimwe nzira. Zvino ndakanga ndakamira ipapo; zvino yakatarisa, igere pamberi pangu, zvino hepanoi paive pagere njiva iya yechinomwe duku, chena, yakanyatsonditarisa. Ndakapukuta maziso angu, ndikati, “Zvirokwazvo, chiratidzo; zvirokwazvo, ndicho.” Ndakatarisa, zvino ndikati, “Njiva duku, unobvepi?” Yakanyatsonaka iri chena, yaigona kunge iri hangaiwa; chero chipi chayaiva, kure murenje iri.

<sup>207</sup> Mwari Samasimba, Uyo akamutsa Jesu Kristu kubva kuvafi, Wandiri muranda waKe, uye Shoko raKe rakarara pano, rakazaruka pamberi pangu, vanoziva kuti ndiri kutaura chokwadi handisi kunyepa.

<sup>208</sup> Heyo njiva yaive yakagara, yakagara ipapo yakanditarisa. Ndakafamba-famba, ndakafunga, “Zvirokwazvo, ichi chiratidzo.” Ndakatendeutsa musoro wangu, ndokutarisa kumashure, zvino heyo yaive yakagara ipapo; mapapiro ayo maduku, machena, ari machena sechando; tsoka dzayo duku, dzeyellow; muromo muduku, weyellow; igere ipapo yakanditarisa. Yakanga yakatarisa yakananga kumadokero. Ndakafamba ndokuipoterera *sezvizi*, ndakanga ndisingatombodi zvangu kuibata. Ndakafamba ndichikwira nemuhwezva; ndokutarisa kumashure, zvino heinoyi yakaramba yakagara yakanditarisa.

<sup>209</sup> Hama, semwanakomana waAbrahama, handina basa nezvandakataurirwa nachiremba, ndichapora, zvakadaro!

<sup>210</sup> Zuva rechitatu ndakadzokera, ndaikwira kumusoro-soro. Uye vazhinji venyu munoziva chiratidzo pamusoro paishe wemaIndia akatasva achienda kumadokero. Chimwe chinhu chakakwezva meso angu kune rimwe dombo guru, dzingaita senguva dzepanotangira masakati, ndokuti, “Isa maoko ako apo ugonamata.” Mwari vari Kudenga vanoziva kuti ichi ichokwadi.

<sup>211</sup> Ndakaisa maoko angu padombo iri zvino ndokutarisa kumusoro Kudenga ndokutanga kunamata. Ndakanzwa Inzwi rakabva nepamusoro pematombo ipapo, ndokuti,

“Chii chawakazembera pachiri, pamusoro pemoyo wako?” Zvino ndakasimuka sezvizvi, mapfudzi angu asina kusimira; ndisina kupfeka kubva muchiuno kusvika kumusoro, kuchipisa. Ndakatarisa kumashure. Zvino pakanga pakanyorwa muquarts, mudombo, “Chapungu Chichena”; zvingori chaizvo zvakataurwa nechiratidzo kuti Mharidzo yaitevera yaizouya yakadaro.

<sup>212</sup> Ndakafara zvikuru, ndakamhanyira kumba; ndokutora kamera ndokudzoka zuva rakatevera, ndokutora mufanakiso wawo. Akanga achiripo, akanyorwa mudombo: “Chapungu Chichena.” (Njiva ichtungamira chapungu.)

<sup>213</sup> Neimwe nzira, ndi—ndinoziva. Ndichakutaurirai zvisati zvaitika. Chiremba akanaka chir- . . . chiremba akanaka, pasina kupokana; ndi—ndinofunga munhu kwaye. Asi ndi—ndinoziva kuti ndichapora. Zvaitika! Zvapera, uye ndichapora!

<sup>214</sup> Uye ndanga ndiri kufunga apo Ernie anga ari kuimba chimbo chiya nguva shoma yapfuura, *PaMapapiro ENjiva*. Chinoimbwa sei? Nditangire, Ernie.

. . . mapapiro . . . njiva chena sechando,  
(chiimbei neni)  
Mwari vakatumira pasi rudo rwaVo  
rwakachena, rwunotapira,  
Chaiva chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

<sup>215</sup> Ndinonzwisisa kuti Ernie aimba ndima mbiri dzacho. Ndichakuimbirai ndima nhatu.

Noa akanga atakurwa  
Pamafashama mazuva akawanda,  
Akatsvaka nyika,  
Nenzira dzakasiyana;  
Matambudziko akava nemamwe,  
Asi kwete kubva kumusoro,  
Nokuti Mwari vakamupa chiratidzo chaVo  
Pamapapiro enjiva.  
Pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vakatumira pasi rudo rwaVo  
rwakachena, rwunotapira,  
Chaiva chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.  
Jesu, Muponesi wedu  
Akauya panyika rimwe zuva;  
Akaberekerwa mudanga,  
Muchidiro cheuswa;  
Kunyange pano akarambwa,  
Asi kwete kubva kumusoro,  
Nokuti Mwari vakatipa chiratidzo chaVo  
Pamapapiro enjiva.



Pamapapiro enjiva chena sechando,  
 Mwari vakatumira pasi rudo rwaVo  
 rwakachena, rwunotapira,  
 O, chiratidzo chakabva kumusoro,  
 Pamapapiro enjiva.

Kunyange ndakatambura  
 Nenzira dzakawanda,  
 Ndakachemera kupodzwa  
 Zvose siku nesikati;  
 Asi kutenda hakuna kukanganikwa  
 NaBaba vari kumusoro,  
 Vakandipa chiratidzo chaVo  
 Pamapapiro enjiva.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
 Mwari vakatumira pasi rudo rwaVo  
 rwakachena, rwunotapira,  
 O, chiratidzo chakabva kumusoro,  
 Pamapapiro enjiva.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
 Mwari vakatumira pasi rudo rwaVo  
 rwakachena, rwunotapira,  
 Chiratidzo chakabva kumusoro,  
 Pamapapiro enjiva.

<sup>216</sup> Mwari vanodikanwa, ndinoKutendai nokuda kwezvinhu izvi, Baba. Makapa Noa chiratidzo, Makapa nyika chiratidzo, uye Makandipa chiratidzo. Uye zuva rakatevera, ndichiona chapungu chiya chichibhururuka, O Mwari, pane Mharidzo iri kuuya zvino, uye ndinonamata, Mwari, kuti Muchaita kuti Njiva itungamire. Zviitei, Ishe. Yanditungamira kune kutenda kwandisina kumbova nako kumashure. Ndinoziva, Mwari, ndinoziva kuti zvichange zvanaka; saka ndinoKutendai nokuda kwazvo, Baba.

<sup>217</sup> Uye, manheru ano, tumirai pasi Mharidzo yeNyu zvakare, Ishe, pamapapiro eNjiva yeShoko. Zviitei, Baba voKudenga vanodikanwa. Uye wese achapfuura nepapuratifomu ino, manheru ano, uye nekunze uko mumisangano munyika yose, dai Njiva yeNyu huru yekutenda yawira mumoyo yavo igovapa kutenda, Ishe, kwekuti vapodzwe. Tinorangarira kuti Mwari havaremekedzi munhu. Vakagona kutumira Mharidzo kuna Noa, vakagona kuItumira kuna Johane Mubhabhatidzi, vakagona kuItumira kwandiri, vanokwanisa kuItumira kune vamwe.

<sup>218</sup> Ndinonamata kuti Njiva iyi ibhururukire mumoyo wese iye zvino, Ishe, nemuromo waYo muduku, weruvara rwendarama, igozevezera kuti, “Nemavanga aKe...Nemaronda nemavanga aNgu wakapodzwa.” Mwari, itai kuti kudarika kwedu kugodzimwa, kusarurama kwedu tigokuregererwa, uye kuti

zvirwere zvedu zvigopodzwa. Zviri mumaoko eNyu, Baba. NemuZita raJesu Kristu. Ameni.

Takakotamisa misoro yedu kweminiti imwezve.

<sup>219</sup> Vangani vari pano vanoda kuti, kana uchikwanisa uye uchida kutaura izvi, “Hama Branham, ndanga ndichikanganisa hupenyu hwangu hwese. Ndange ndichida kushumira Mwari, asi manheru ano ndakagadzirira kuzvipira. Kumbirai Mwari, kuti Njiva iyi igobhururukira mumoyo mangu manheru ano. Ndiri kuInzwa ichifambisa mapapiro aYo paIri kupinda mukati”? Simudzai maoko enyu, mungadaro here? Pano muungano inooneka, ini zvangu, kwese-kwese muchivakwa.

<sup>220</sup> Kure uko kunze muungano dziri munyika, kumusoro kusvika kune Hama Hunt neHama Coleman, uko kwanaHama Leo nevamwe, zasi kuTucson, neuko muBranham Tabernacle, mhiri uko kwese kuMahombekombe eKumadokero, simudzai maoko enyu kwese-kwese: “Ndinoda kuti Njiva ibhururukire mumoyo mangu manheru ano. Ndiunzirei rudo rwaMwari rwunotapira pamapapiro eNjiva chena sechando, Mweya Mutsvene. Uunzei kwandiri, manheru ano, Ishe, mugodonhedzera mumoyo mangu kutenda kwandinoda.”

<sup>221</sup> MuZita raJesu Kristu, ndanamata, Mwari, regererai zvivi zvedu. Njiva yakakuvadzwa yadzoka zvakare neShoko, O Mwari, “Zvapera!” Tinozvitenda. Chingotipai kutenda kuti tigoZvitenda, tanamata. NemuZita raJesu. Ameni.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vakatumira pasi rudo rwaVo  
rwakachena, rwunotapira,  
Chaiva chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

<sup>222</sup> Ko njiva iya yakabvepi? Handizive. Hayaigona kunge iri kunze uko kurenje ikoko saizvozvo. Kwete, kwete! Kwete, hayaigona kunge iri ikoko. Uye sei yaiva chena? Baba voKudenga vanoziva kuti yaiva yakachena seshati yangu. Heyo yaive igere apo.

Asi paive pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vakatumira pasi rudo rwaVo  
rwakachena, rwunotapira,  
O, chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vakatumira pasi rudo rwaVo  
rwakachena, rwunotapira,  
O, chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

<sup>223</sup> O, hamusi kunzwa here kunyatsoninipa? Ngatingokwazisanai nemaoko, uye tichiimbe.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
 Mwari vakatumira pasi rudo rwaVo  
 rwakachena, rwunotapira,  
 Chiratidzo chakabva kumusoro,  
 Pamapapiro enjiva.

<sup>224</sup> Ngatisimudzei maoko edu kwaAri, uye tichiimbe.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
 Mwari vakatumira rudo rwaVo rwakachena,  
 rwunotapira,  
 Chiratidzo chakabva kumusoro,  
 Pamapapiro enjiva.

Noa akanga atakurwa  
 Pamafashama mazuva akawanda,  
 Akatsvaka nyika,  
 Nenzira dzakasiyana;  
 Matambudziko akava nemamwe,  
 Asi kwete kubva kumusoro,  
 Mwari vakatumira pasi chiratidzo chaVo  
 Pamapapiro enjiva.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
 Mwari vakatumira pasi rudo rwaVo  
 rwakachena, rwunotapira,  
 O, chiratidzo chakabva kumusoro,  
 Pamapapiro enjiva.

Jesu, Muponesi wedu  
 Akauya panyika rimwe zuva;  
 Akaberekerwa mudanga,  
 Muchidyiro cheuswa;  
 Kunyange pano akarambwa,  
 Asi kwete kubva kumusoro,  
 Mwari vakatipa chiratidzo chaVo  
 Pamapapiro enjiva.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
 Mwari vanotumira pasi rudo rwaVo  
 rwakachena, rwunotapira,  
 Chiratidzo chakabva kumusoro,  
 Pamapapiro enjiva.

<sup>225</sup> Ko sei, ini munhu akwegura, ndakatambura upenyu hwangu hwese, seiko Andipodza iye zvino? Ndinotenda ndichatasva muhwezva uyu zvakare, ndinofanira kuunza Mharidzo! Uye ndinoti kunaBaba vangu, manheru ano, (sekuona kwakaitwa naJunior muchi—chiroto pane umwe usiku chezvemapapiro eNjiva iyi, achifamba mumahwindo ano aya), Ishe, Muranda auya kubasa. Amen! ndagadzirira!

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vanonditumira rudo rwaVo  
rwakachena, rwunotapira,  
Chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

226 Ngatitendei zvino kuti Ari kuuya pamusoro peungano.  
Pamapapiro echena sechando . . . (Takamirira,  
Ishe.)

Mwari vanotumira pasi rudo rwaVo  
rwakachena, rwunotapira,  
Chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

227 Imi mune makadhi emunamato, vari kudivi *iri* kuno, fambai  
muchiyaya mberi nechekuno uku; simukai, fambai muchiyaya  
mberi vari kudivi rino iri, muchienda nekuno uku.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vanotumira rudo rwaVo rwakachena,  
rwunotapira,  
Chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

228 Avo vane makadhi omunamato mumutsara *uyu*, endai  
kuruboshwe kwenyu.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vanotumira rudo rwaVo rwakachena  
rwunotapira,  
Chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

229 Avo . . . [Chibenga patepi—Mupepeti.]

O, pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vakanditumira rudo rwaVo  
rwakachena, rwunotapira,  
Chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

230 Ko njiva yakabva kupi kumusoro ikoko murenje?  
Ndingataura izvi: Mwari vakaona kuti Abrahama aida  
gondohwe rechiratidzo, iYe ndi *Jehovha-jire*, “Ishe vanogona  
kuzviwanira chibairo pachaVo.” Kufunga nezvazvo! Mwari  
mumwe chete, nokufemera kumwe chete, nemhando imwe  
chete yevanhu, vakatuma njiva. Vachiri Mwari, Jehovha-jire  
anokwanisa kupa chero chose chaAnoda.

231 Hamungadaro here, apo muri kuuya nemumutsara  
wemunamato uyu zvino, kumbira Mwari kuti vakuunzire  
pamapapiro eNjiva? Njiva, Mweya weMweya Mutsvene, ukupe  
kutenda mumoyo mako kwekuti uri kuzopora.

232 Ndiri kuedza kuvaita kuti vose vange vakamira netsoka  
dzavo, muri kuona. Ndiri kukumbira zvino. Hama Brown vari

panzvimbo yavo. Hama Jack...Mati kudini? [Mumwe munhu anotaura neHama Branham—Mupepeti.] Zvitsvene, zvakanaka. *Ichi* chikamu chiri kuno, chinouya nekuno uku kutanga, vari mumutsara. Chikamu chiri uko kumashure muno *umu* teverai kumashure kwavo. *Ava* vanotevera nekumashure uku. Uye *imi* endai kumashure kweava vari pano, mopoterera muri kuuya kuzonamatirwa.

<sup>233</sup> Zvino, ndine chokwadi kuti uyu hausi kuzova mutsara wechimbi-chimbi, tichangoti torei chinguvana kuitira kuti tigonyatsonamatira mumwe nomumwe, sokukwanisa kwedu.

<sup>234</sup> Zvino, ndadimbura mharidzo yangu panzira (uye imi mose mazvibata, munoono) kuitira kuti ndigova nemutsara uno wemunamato. Uno mutsara werangaridzo mukuremekedza mazuva ayo apo Hama Jack Moore, Hama Young Brown, madzimai enyu aikuregai muchienda, zvino makauya kuno ndokubva taenda kuCalifornia, nemose muArizona (pamwe chete, nemugwenga), ndokunamatira varwere.

<sup>235</sup> Munombozivei? Pane vanhu vari kurarama nhasi vakanga vari kufa kareko, uye vachiri vapenyu nokuda kwekushingaira ikoko. Chii chazvakaita? Zvakamutsa kupodza kwaMwari mukereke yose iripo munyika iyoyo, zvino kunyange maPresbyteriani nevamwe vakadaro. Ivo...Zvakanyaradza muromo wavo, nokuti zvakatora Mwari kuzodza mumwe munhu kuti auraye Goriati, kuratidza kuti zvinogona kuitika, zvararo vamwe vose vakatora hushingi (ndizvo chaizvo) uye ndokuenda mberi. Zvinogona kuitika zvakare, nokuti Vachiri kutumira rudo rwaVo pamapapiro eNjiva.

<sup>236</sup> Makristu, ndinoda kuti muteerere. Dai ndaigona kumira pano zvino ndigoedza kukuudzai pamusoro pezvinhu zvemweya zvandakaona zvichiitika kunyange mumakore matatu apfuura, ndinezenge ndichiri pano nguva dzino manheru eMugovera unotevera, ndichikuudzai. Handitaure nezvazvo zvakananyanya, nokuti zvinoita sokunge zvisingaitike, asi ndinokuudzai Chokwadi. IChokwadi zvemazvirokwazvo. Tiri kurarama pasi pehutungamiri hwaJehovha Mukuru Samasimba, mumwe chete Iyeye akanga aine vaporofita muTestamente Yakare, aine Kereke muTestamente Itsva, Ari pano nhasi achitora Mwenga kubva pavaHedheni nokuda kweZita raKe. Zvitendei! Hamungadaro here, vanhu? Kana makamboZvitenda, Zvitendei iko zvino. Ndiye uyo...Ndinoda kuti muzviite. Hatizive zvichazoitika manheru ano. Hatizive zvichaitika. Takangomirira tiri pasi pekutarisira.

<sup>237</sup> Ndapota, nemuZita raIshe Jesu, ndinokukumbirai semuranda waKe. Ndinoziva kuti kana uchishanda neungano dzakawanda, une zvinhu zvose zvakasangana imomo. Asi kana muchinditenda semuranda waKe, kana paine kadonhwe kekupokana (kana *chivi* ku—ku “kupokana, kusatenda”), kana

paine kadonhwe kacho mumoyo mako, kumbira Baba vakabvise iye zvino. Maona? “Ishe. . .” Uye kana ukauya nokutenda kwechokwadi. . . Zvino, maoko angu hapana zvaanoreva kunze kwekunge Izvozvi zvakurova kutanga; zvino kana zvouya, zvinozvitungidza, unobva wapura. Ndizvo chaizvo, unozoziva kuti uchapodzwa. Munoono, unozozvitenda.

<sup>238</sup> Zvino, ndave kuzonamatira zvino mumwe nomumwe wenyu. Uye zvino. . . Pamunozviita, isai maoko enyu mumwe pane mumwewo zvakare, saka tiri. . . Zvino iwe chinamatira munhu wawakaisa maoko ako paari, zvararo ndichakuunzai nemumutsara. Isa maoko ako pane mumwe munhu uyo wauinaye mumutsara.

<sup>239</sup> Mwari vanodikanwa, handi—ndizive imwe nzira yokutaura nayo zvinhu izvi, Ishe. Ndinogoziva kutaura zvandinoziva kuti iChokwadi, uye Muri chapupu changu manheru ano kuti ndiri kutaura Chokwadi. Kutenda kwangu, Ishe, pamwe nokupodzwa kwangu munguva inotevera; handizive kuti ndirinhi, handizive kuti sei, handizvinzvisisi; asi ndinoZvitenda, Ishe, kuti ndakagamuchira chiratidzo chakabva kumusoro. Iya njiva yechinomwe pakupedzisira yakazosvika kuno, inchi rechinomwe richange rapera nokukasika pamhuka. Zvapera!

<sup>240</sup> Mwari, ndinoda kushumira vanhu veNyu. Saka ndinonamata, Mwari, kuti Mugonyatsotizodza manheru ano zvokuti chero ani watinoisa maoko paari, dai vakapodzwa; kwete nokuda kwekuti ndisu, asi nokuda kwekuti tiri kutevera murairo weNyu. Makati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Ishe, ndibatsirei kutenda, uye batsirai moyo yavo kuti igova nzvimbo inomerera kutenda. Uye dai, pamwe chete, kuitira kubwinya kwaMwari, munhu wese ari kurwara nokutambudzwa muchivakwa chino (kana muzvivakwa zviri munyika yose) vari kuteerera mirairo iyi zvino, vagopodzwa. NemuZita raJesu Kristu, ndazvikumbira. Amen.

<sup>241</sup> Ivai nokutenda; imi mose namatai pamwe chete nesu. Zvino, uyu hausu mutsara wekunzvera zvakananzika.

<sup>242</sup> [Chibenga patepi—Mupepeti.] Kudumbirwa, kutya, ndinoziva kuti chii. . . [Hanzvadzi inotaura neHama Branham.] Kanhu kaduku kanonzwisa urombo, ati haasati amboona rugare muhupenyu. Chinhu chimwe chete icho ini. . . Kusakwanisa kukotsira, kuhuta-huta, kushushikana.

<sup>243</sup> Mwari vanodikanwa, ndipupurireiwo, Ishe, kuti ndataura Chokwadi. Ndinonzwira zvakadini mudzimai muduku uyu! Ndinonamata, Mwari, kuti Muchamutumira, manheru ano, murazvo uya wekutenda kubva kumusoro uyo unoziva kuti Makasungirwa kuShoko reNyu, uye Muchachengeta Shoko rose. Dai Mwari voKudenga vabvisa kutya uku kubva kuhanzvadzi yangu. Uye ndinoKuteerera nokuisa maoko paari pamwe

nokukutsiura. NemuZita raJesu Kristu, dai kwabuda maari. Amen.

<sup>244</sup> Zvino, onaika hanzvadzi, imi chinditendai zvino, kana mukatanga kubvira ipo pano, pamuchinjikwa. Kubvira manheru ano, rambai kuti munako. Munoono, endai mberi muchiti, “Handichisina zvachose,” zvino kuchakusiyai.

<sup>245</sup> Hanzvadzi Palmer. [Hanzvadzi Palmer vanotaura neHama Branham—Mupepeti.] Hongu. Hanzvadzi yedu, Hanzvadzi Palmer; murume wavo ishamwari yangu yepamoyo, mushumiri anobva kuGeorgia kana Alabama, Georgia—Georgia. Uye vakanga vari kuuya kutabhenakeri. . . Vanotyaira, kana ndichinge ndichiparidza kutabhenakeri, mamaera mazana gumi nemashanu kuzonzwa shumiro imwe chete. Hama Palmer vakatadza pakutyaira motokari yavo, kana kuti mukomana, mumwe, pavakanga vari kukomuka pakona, zvino vakaita tsaona. Hanzvadzi zvakaikanganisa nokuda kwaizvozvo.

Ngatinamatei.

<sup>246</sup> Mwari vanodikanwa, dzikinurai muranda weNyu uyu, mudzimai wake muduku, akatendeseka, wechokwadi, muranda muduku munaKristu, ndinonamata, Mwari, pandiri kuisa maoko angu paari, pamwe chete naHama Jack Moore vangu pano, kuti Mugovapodza nokuvaita zvakanaka. NemuZita raJesu. Amen.

Mwari vakuropafadzei! . . . ? . . .

<sup>247</sup> Mutsoka yekurudyi, uye wakamumiririra? Mukomana wake muduku akaremara, anorwadziwa nemudumbu nemusana.

Ngatinamatei.

<sup>248</sup> Mwari vanodikanwa, itai kuti Njiva iya chena sechando idzike zasi mumoyo make iye zvino, “Kukuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, ndokukuvadzwa nokuda kwekusarurama kwedu, nemavanga aKe takapodzwa.” Ndinokumbira kuti zvigova saizvozvo kuhama yedu nekumwanakomana wayo muduku, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>249</sup> Marwadzo akakura ekutemwa nemusoro, uye nedambudziko regumbo rinomunetsa paanenge achishanda.

<sup>250</sup> Mwari vanodikanwa, ipai ropafadzo reNyu rekupodza murume uyu wechidiki, apo isu sevaranda vaMwari tinoisa maoko edu paari. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>251</sup> Ane dambudziko remadzimai, mudzimai, uyezve anoda Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

<sup>252</sup> Mwari vanodikanwa, pandiri kuita munamoto uno wekutenda wemudzimai muduku uyu, dai dambudziko rake remadzimai raenda, dai ruBhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwaya pamapapiro eNjiva, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

253 Bundu paziso rake, uye nemudikanwi wake.

254 Mwari vanodikanwa, Munoziva moyo yevanhu. NdinoKukumbirai Baba, nemuZita raJesu, kuti Mugopa chikumbiro ichi chakumbirwa nehama iyi; uye nekuteerera kwedu kuShoko reNyu kwekuisa maoko pamusoro pake. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

Mwari vakuropafadzei, hama.

255 Ane bundu parutivi rwekuruboshwe, uyezve inzwi rake harina kuita zvakanaka.

256 Jesu anodikanwa, ndinonamata kuti Mugopodza hanzvadzi iyi; tichiisa maoko paari nemuZita raJesu Kristu, kuti kupodzwa kwake kugovapo. Amen.

Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi yangu.

257 Ndizvo, hanzvadzi, ndiri kuona dambudziko renyu, gumbo rakazvimba. [Hanzvadzi inotaura kuna Hama Branham—Mupepeti.] Itsvo, dundiro, tsoka yakaremara.

258 O Mwari, Baba, podzai mudzimai uyu akakosha, Ishe, ndanamata, pandiri kuisa maoko paari nemuZita raJesu Kristu. Amen.

259 Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi; ndiyo nzira, yazvichaitwa nayo.

260 Muri kuzvinzwa, handiti, pamaikirofoni? Chero uyo ari. . . injiniya, kana mukaiti wedzerei zvishoma, ungoro izogona kunzwa chapu- . . . kana zvavanotaura pavanouya nepano. Vanamatirei pamunozvinzwa; pandinotanga kunamata, imi namatai pamwe chete neni.

261 Mwari vanodikanwa, ndinonamatira iyi hanzvadzi yedu, kuti Mugomupodza, Mwari vanodikanwa. Tiri kuita izvi nokuti kuraira kweNyu. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

Ropafadzwai, hanzvadzi.

262 Mwari vanodikanwa, Manzwa chapupu ichi, Manzwa zvakaikwa nemuvengi kwavari. Tiri kuedza kutora Zita raJesu tigokunda muvengi uyu; akatonzwarwo nekare nokuti Njiva yakakuvadzwa, ine mavanga yakawira pasi muImba yaMwari iine Shoko, “Zvaper!” Zviitei, dai akazvitenda, Baba, nemuZita raJesu.

263 Mwari vanodikanwa, ndinonamata kuti Mugopodza iyi hanzvadzi yedu. Dai Njiva yaMwari yamupupurira manheru ano kuti Akazviitira iye, kuitira kuti agopodzwa. NemuZita raJesu. Amen.

264 Mwari vanodikanwa, ndinoisa maoko angu pahama yangu yakamira pano. Anga aine kutenda kwakakwana kwekuuya pano, Ishe, zvino dai agamuchira kupodzwa kwake uye agoenda kuchigaro chake apodzwa. NemuZita raJesu.



265 Mwari vanodikanwa, ndinonamatira hama yedu, nokuisa maoko paari. Batsirai, Mwari vanodikanwa, kuti kutenda kwaMwari kudzike pasi ipo panguva ino; uye nokuva saAbrahama, kudana zvinhu izvo zviripo, sokunge zvi—zvisipo, nokuti Mwari vakaita vimbiso. NemuZita raJesu. Amen.

Mwari vakuropafadzei.

266 Mwari vanodikanwa, Ndimi Wacho anokwanisa kuita sarudzo yechokwadi. Ndinonamata, Mwari vanodikanwa, sekukumbira kwaita mudzimai wechidiki izvi, dai akazvigamuchira nemuZita raJesu Kristu. Amen.

267 Mwari vanodikanwa, ndinoisa maoko pane hanzvadzi yedu mukuteerera pane zvaMakati tiite. Izvi zvinotidzoserera kumashure makore akawanda, Ishe, kubvira patakaita mutsara wekunamatira wakadai; asi tinoziva zvakaitika kareko, tinoziva kuti Muri Mwari munwe chete nhasi kana vanhu vakagona kuva nokutenda kumwe cheteko nhasi. Ndanamata nemuZita raJesu kuitira kupodzwa kwehanzvadzi yedu. Amen.

268 Mwari vanodikanwa, ndinoisa maoko angu pahama yangu pano uye nokukumbira kupodzwa kwavo, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

269 Baba, ndinounza pamberi peNyu manheru ano iyi hanzvadzi yedu, uye nokuisa maoko angu pavari kupupurira kuti ndakamira sechapupu chesimba reNyu, ndakamira sechapupu chezviratidzo zveNyu, Shoko reNyu, uye ndiri chapupu chokuti iMi muri Mwari. Zvino ndinoisa maoko paari mukuteerera Shoko raMwari wangu, ndichikumbira kupodzwa kwake. Amen.

270 Mwari vanodikanwa, ndinoisa maoko angu pahama yangu nenzira imwe chete, sechapupu chesimba reNyu ndinokumbira kupodzwa kwavo nemuZita raJesu Kristu. Amen.

271 [Chibenga patepi—Mupepeti.] “Chii?”

272 Ati, “Mupodzi.” Ndokuti “Mumwe murume abva kumwe kunhu, kumusoro kuArkansas, akanga apodzwa mangwanani iwayo, mugadziri weshangu aiva bofu.” Munoziva nyaya yacho. Yakanga iri paredhiyo.

273 Uye ndakati...Ndakafunga...Ndakatamba chikamu chemunyengeri. Ndakati, “Hautendi kuti izvi iChokwadi?”

274 Mudzimai akati, “Hongu, changamire, ndinotenda.”

275 Zvino ndakati, “Unotenda here muzuva rino apo Mwari pavanoita chimwe chinhu chakadaro, apo...”

276 Akati, “Changamire, ndakateerera kune chironywa chezvekunamata.” Akati, “Ndiri Mukristu.” Akati, “Ndinoteera kuzvirongwa, ndanzwa munhu uya kumusoro uko uyo apodzwa mangwanani ano, mugadziri weshangu uya bofu. Vamudzinga kubva muchechi, anga achiita ruzha rwakawanda, achibva kune

imwe chechi achienda kune imwe. Aine nguwani yake patsvimbo yokufambisa, achiivheyesa, achimhanya achikwira nokudzika mumachechi, kumunhu wese muguta, achidanidzira, 'Ndapora! Ndapora!' Mugadziri weshangu aive bofu."

277 Ndikati, "Unozvitenda here?"

278 Zvino akamira ipapo zvisihoma, kwaiita sekupfunha, mudzimai akati, "Changamire, kana mukandipinza uko kwaari, zvino ndinozowana baba vangu." Zvadaro ndakanzwa sokunge ndakanga *ndadai*.

279 Ndakati, "Pamwe ndini wacho wauri kutsvaka."

280 Iye akati... akanyatsondibata nepamberi pebhatye, akati, "Ndimi here Mupodzi?"

281 Ndikati, "Kwete, hanzvadzi, asi ndini Hama Branham."

282 Akati, "Ivaiwo nengoni!"

Ndakafunga pamusoro paFanny Crosby bofu ainzwise urombo, "Apo Muri kudana vamwe, musandipfuurawo." Munoono, Akanga apodza mumwe, Aikwanisa kumupodza.

283 Ndakaisa maoko angu pamusoro pemaziso ake, ndikati, "Jesu anodikanwa, rimwe zuva mumwe muchinjikwa wakakwasharara wakare wakauya uchidhumira uchidzika nemumugwagwa, mapfudzi aine ropa raierera kubva maari, mutumbi muduku wakaperezeka wakanga wakautakura wakawa pasi pemutoro. Munhu mutema anonzi Simoni, weCyrene, akauya ndokusimudza muchinjikwa, ndokuMubatsira kuutakura. Ndine chokwadi chokuti Munozvirangarira, Baba. Zvino mumwe wevana vake ari kudzadzarika pano murima, ndine chokwadi chokuti Munonzwisisa."

284 Akati, "Kubwinya kuna Mwari! Ndave kuona!" Uh-huh.

285 Ndakati, "Uri kuona?"

286 Iye ndokuti, "Hongu, changamire."

287 Ndakati, "Verenga zviyedza izvo." Zvino akazviverenga. Ndikati, "Ndakapfeka sutu yeruvara rwupi?"

288 Akati, "Makapfeka sutu pfumbu, netai yeyellow." Ndzivo chaizvo, akanga ave kuona.

289 O, Mwari vanoremekedza kuzvininipisa. Uh-huh.

*Izvi pachazvo ndizvo zviya zvichaita, nokuita kuti zviitike, kukunda kukuru muRudo rwaMwari.*

290 Mwari vanodikanwa, ivai nengoni mugopodza hanzvadzi yangu, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

291 Mwari vanodikanwa, pandiri kutora ruwoko urwu rwusina simba, rwakaputana, ndiMi moga munoziva zvapfuura nepano. Ndinomanata, Mwari vanodikanwa, kuti ruoko rumwe chete rwandinarwo manheru ano rwuchambundira semaoko aya asina

simba aSimioni zuva riya, “Ishe, chiregai muranda weNyu aende murugare, nokuti zvino ndaona ruponeso rweNyu.” Dai Rwukauya paari, Ishe, ruponiso rweNyu, rwumupodze nemuZita raJesu. Amen.

<sup>292</sup> [Chibenga patepi—Mupepeti.] Pa*Kutonga Mhosva*, handiti, VaKusatenda vakapomera Jesu Kristu mhosva. Munorangarira *Kutonga Mhosva?* Uye kuti . . . Vaiva ne—nemagweta nezvimwe zvose, nevaive vaine vavaimiririra. Zvino taiva nemu—muchuchisi, Satani, uyo akanga ari kuzoroverera mhosva; maitirwo, akaitwa kutongwa.

<sup>293</sup> Zvino akati, mumwe, VaKupokana, vakauya, vakati, “Ndakanzwa muparidzi achiti, ‘Zodzai varwere nemafuta, Bhaibheri rinozvitaura.’ Ndakazodzwa nemafuta, handina kupora. Mumwe wacho akati, ‘Isai maoko pane vanorwara, vachapora.’” Akanga ari kuedza kuroverera mhosva.

<sup>294</sup> Asi chapupu pachakauya, hechini pano, “Mwari vakavaudza, ndokuti, ‘Maka . . .’” Akati, “Kwava nemwedzi mitanhatu kubvira ndakaiswa maoko pandiri, uye Shoko reNyu rinotaura kuti ‘Isai maoko pane vanorwara vachapora.’ Zvino maoko akaiswa pandiri nemumwe wevaranda veNyu vakazodzwa, zvino handisati ndapora nazvino. Nokudaro, Uri munyepedzeri wenhema, nokuti Shoko raKo harirevi zvaRinotaura.”

<sup>295</sup> Saka chapupu pachakauya, wechokwadi aive uyu, kuti “Shoko raVo nderechokwadi. Havana kumbotaura kuti *ndirinhi* paVachazviita, Vakati, ‘Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.’ Maona? Munoono, ndizvo zvaVakataura, ‘Vachapora.’ Saka chingava chishamiso chepakarepo chinongoitika *saizvozvi* kana kuti kungoteerera Mwari, zvirira kwaVari mumunhu wacho. Maona? Asi kana munhu wacho achiZvitenda, handina basa kuti zvinotora nguva yakadini. Vakati kuna Abrahamama, ‘Uchava nemwana naSara.’ Mwana wacho haana kuuya kwemakore makumi maviri nemashanu. Vakaudza Noa kuti kwakanga ‘kuri kuzonaya.’ Noa akava nemafashama . . . a—areka yakavakirwa mafashama, makore mazhinji, akawanda mafashama asati auya, asi aiziva kuti kwaizonaya. Bhaibheri rakati, ‘Munamoto wokutenda uchaponesa vanorwara, uye Mwari uchavamutsa.’ Riinhi? Havana kutaura. Mwari vane nduramo, ndeVechokwadi, ingoverenga zvinotaurwa neShoko raVo.”

<sup>296</sup> Ndizvo zvandaita manheru ano, kuisa maoko pane vanorwara. Zvino, ndinotenda mumwe nomumwe wavo achapora. Ndinotenda, mumwe nomumwe wavo. Munotenda zvimwe chete here? Zvino tenderai ava vanhu vari kutambudzwa.

297 Pane mudzimai muduku pano, zvinoita sokunge ndinofanira kumuziva, ndakamunamatira manheru apfuura, kunze uko mumutsara wekunamatira. Anonzi ani zita rake? Chambers. . . Chambless. Dai mudzimai muduku uyu ainge akararama—ainge akararama sezvinoita munhu wese, angadai asina kuremara, angadai ainge ari mudzimai tsvarakadenga. Zvino agere pano zvino, achidedera. Mweya unodikanwa, wakanaka mumusikana iyeyu. Uye agere apo achigwinha *sezvizvi*. O, zvinogodora moyo wangu. Ndaishuva zvakadini. . . kuti ndaizongona!

298 Hepanoi pane mwana muduku, mudzimai agere pano akamubata. Rurimi rwako rwuduku rwakaremba panze, muviri wako muduku wakaremba. Ko dai ainge ari Joseph wangu muduku? Ko dai ainge ari muzukuru wangu Paul? Ko dai ainge ari Rebekah agere kumashure uko, kana Sarah? Ko dai Mai Simpson vari pano vari mudzimai wangu Meda? Mujaya uyu agere pano ari Billy Paul? Mudzimai uyu wechikuru ari pano ari amai vangu? Rangarirai, mwana wemumwe munhu, hanzvadzi yemumwe munhu, mwanasikana wemumwe munhu, nemwanakomana wemumwe munhu. Maona? Ini ndiri hama yavo, iYe ndiye Muponesi wedu. Zvose zvandinokwanisa kuita kungo. . . kwese kutenda kwandinako ndinokupira kuitira ivo. Ndizvo zvoga zvandinoziva.

299 Zvino, Ishe vanokwanisa kundiratidza chiratidzo, Vanokwanisa kunditaurira chiri kunetsa pane mumwe nomumwe wavo. Ndinokwanisa kuzviratidza kwamuri, munoono, munozviziva. Asi izvozvo hazvivapodze. Izvozvo hazvivapodze. Kwete, chinofanira kunge chiri chimwe chinhu chinodonhera mavari, munoono. Uye ndine tariro. . .

300 Sezvazvakaita kuti ndinokwanisa kutora mumwe nomumwe wenyu ndokubhabhatidzai nemuZita raIshe Jesu Kristu, izvozvo hazviregerere zvivi zvako. Kwete, kwete! Kwete, handitendi murubhabhatidzo mumvura nemuZita raJesu Kristu kuti uvandudzwe; ndinotenda Ropa ndiro rinovandudza, maona, kwete—kwete mvura. Asi, maona, ndinogona kubhabhatidza ndigobhabhatidza, asi unogodzika uri mutadzi akaoma, wobudamo uri mutadzi munyoro; munoono, kusvikira wanyatsotendeuka zvizere. *Tendeuka*, uye zvararo wobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Maona? Zvino ipapo ndipo pandinosiyana neveboka reOneness. Kwete kubhabhatidza kuti ushandurwe, kwete; ndinotenda iRopa rinochenesa, kwete mvura. Maona? *Kutendeuka*, uye zvararo wobhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu.

301 Zvino ndave kudzika pasi kunonamata. Uye vanhu ava zvavangori kwamuri ndizvo zvavari kwandiri, pamwe kutodarika zviri maererano nehukama.

302 Zvino ngatibatanei tose pamwe chete, uye maoko enyu mukutenda, neruoko rwangu mukutenda, zvichidzikisa pasi

maoko aIshe Jesu kuti aiswe pavanhu ava vanonzwisa urombo vakaremara. Hamunganamatewo here neni?

<sup>303</sup> [Chibenga patepi—Mupepeti.] Avo vane mahengechepfu evanorwara nevanotambudzwa, munogona kuawana mushure mokungopera kweshumiro. Zvino ndibatsirei kunamatira aya, hamungadaro?

<sup>304</sup> Mwari, tinoKutendai, Ishe, nokuda kwezvaMaita manheru ano. TinofanoKutendai nokuda kwekupodzwa kwemunhu wese auya nemumutsara. Mwari vanodikanwa, ndinonamatira mahengechepfu aya, pamwe ndeevamwe vatadza kana kuuya kumusangano, zvino vadikanwi vavo vaunza mahengechepfu. MuBhaibheri tinodzidziswa kuti vaitora kubva pamuviri waPauro, mahengechepfu nemachira. Zvino, vanhu ava kareko vakanga vagara muhupo hweNyu, vakanga vaKuonai mumugwagwa, vakanga vaKuonai mumusangano wavo, uye vakanga vaona Mweya weNyu mumwe chete pana Pauro. Zvino vakaziva kuti akanga asiri murume iyeye, wakanga uri Mweya weNyu wakanga uri kutonga hupenyu hwake, nokuti tinoona Pauro achiita zvinhu zvimwe chete zvaMakaita.

<sup>305</sup> Uye zvino, Ishe, vanhu vemuzuva rino vanoona Mwari mumwe chete achirarama muKereke yaKe pamwe nevanhu vaKe. Zvino vaunza mahengechepfu aya, kuitira kuti agotorwa kubva pano kuenda kune vadikanwi vavo. Zviitei, Mwari, kuti mumwe nomumwe wavo agopodzwa nenzira yeNyu. Hatikumbire chimwe chinhu chakatsauka kuti chitwe neimwe nzira yakatsauka kana humwe hunhu hwakatsauka; tinongokumbira, “Nenzira yeNyu, Baba, vapodzei.” Kuitira kubwinya kwaMwari, ndaita munamato uyu wekutenda pairi. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>306</sup> Ndava nenguva inoshamisa yekuyanana pane kutenda kwenyu, hupo hwenyu muna Jesu Kristu. Uyu uchava musangano wandicharangerira kwenguva refu pamusoro pezvaitika: rudo, kushandira pamwe chete, kuyanana.

<sup>307</sup> Uye zvino, kusvika tionane zvakare, dai Mwari voKudenga vakutungamirirai. Uyo Anoita kuti nyeredzi dzipenye zvakajeka pausiku kuti dzijekese nzira kana kwave kusviba, dai Akajekesa nzira yenyu neNyeredzi yeBheterehema ikutungamirirei kuhupenyu hwakazvipira zvizere muShoko raKe, ndiwo munamato wangu.

Kusvika tionane, kusvika tionane,  
Kusvika tionane patsoka dzaJesu;  
Kusvika tionane, kusvika tionane,  
Mwari ave nemi kusvika tionanezve.

<sup>308</sup> Iye zvino ngatisumukei. *Kutenda Kwangu Kunotarisa Kumusoro KwaMuri!...?....ini...zvakanaka, ndichachishandura. Ndinotenda kuti zvakanaka. (Ruregerero.)*

Kutenda kwangu kunotarisa kwaUri,  
Iwe Gwayana reKarivhari,  
Muponesi weKudenga!  
Zvino ndinzwei pandiri kunamata,  
Bvisai chivi changu chose,  
O ndiregei kubvira nhasi  
Ndiva weNyu zvachose!

309 Zvino ngatikwazisanei nemaoko pavari kuimba.

Apo muninga ine rima yeupenyu ndofamba,  
Uye kusuwa kwondimomotera,  
Chivai Imi Mutungamiriri wangu;  
Rairai rima rive chiedza,  
Pukutai misodzi yekusuwa ibve,  
Kana kundirega ndichitetereka  
Kubva padivi reNyu.

310 Mave kunzwa zviri nani zvino, handizvo?

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vanotumira rudo rwaVo rwakachena,  
rwunotapira,  
Chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

Zvino pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vanotumira rudo rwaVo rwakachena,  
rwunotapira,  
Chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

311 Ndiyo mharidzo yedu yekupfiga musangano uno.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vanotumira rudo rwaVo rwakachena,  
rwunotapira,  
Chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

312 Tikotamise musoro wedu. Apo mavhiri anenge achiimba chimbo mahon'era tichienda kumba, ndinovimba kuti zvicha . . . muchanzwa kuimba mahon'era kwemavhiri, nekuwomba kweinjini.

Pamapapiro enjiva chena sechando,  
Mwari vanotumira rudo rwaVo rwakachena,  
rwunotapira,  
Chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

[Hama Branham vanotanga kuimba mahon'era korasi—  
Mupepeti.]

. . . njiva,  
Mwari vanotumira rudo rwaVo rwakachena,  
rwunotapira,  
Chiratidzo chakabva kumusoro,  
Pamapapiro enjiva.

<sup>313</sup> Makakotamisa misoro yenyu, ndinokupai kune wenyu . . .  
Hama Noel.



*PAMAPIRO ENJIVA CHENA SECHANDO* SHO65-1128E  
(On The Wings Of A Snow-White Dove)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 28 Mbudzi, 1965, paLife Tabernacle muShreveport, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)